WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’:___________ f.i.k. Q.Turdi’baev

«_______»_______________2012-j

**5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Dawletmuratov Faridtin’ «Nawri’z Japaqov – qaraqalpaq a’debiyati’n izertlewshi» degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’ kafedrasi’ basli’g’i' f.i.k.,doc. J.Ni`zamatdinov

________

«_______»______________2012 j

İlimiy basshi’: f.i.k.doc. P.Allambergenova

______________________

**No’kis – 2012 j**

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Qaraqalpaq filologiyasi’
fakulteti dekani’: f.i.k.doc. Q.Turdi’baev

Kafedra basli’g’i': f.i.k.doc.
J.Ni`zamatdinov

İlimiy basshi’: f.i.k.doc.
P.Allambergenova

**Ma’mleketlik Attestaciya Komissiyasi’ni’n’**

**QARARI’:**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n’ pitkeriwshisi Dawletmuratov Faridtin’ «Nawri’z Japaqov – qaraqalpaq a’debiyati’n izertlewshi» atamasi’ndag`i' pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_________» ball qoyi’lsi’n.

**MAK basli’g’i’: ____________**

**MAK ori’nbasari’ ____________**

**MAK ag`zalari’__________**

## K i r i s i w

Prezident İ.A.Karimov: «G'a'resizlik ideologiyasi' ko'p milletli Wo'zbekistan xalqi'ni'n' iygilikli ideya-azat ha'm abat Watan,Yerkin ha'm abadan turmi's quri'w joli'ndag'i' a'sirlik arzi'w a'rmanlari' turmi'sli'q ideyalari'n wo'zine sa'wlendiryedi[1] - degen si'qli' g'a'resizlik ji'llari'nda wo'z da'wirinde xalqi' ushi'n hadal xizmet islep, tuwg'an yelinin' ekonomikasi', ma'deniy turmi'si'ni'n' gu'lleniwine belsendi qatnasqan a'jaii'p insanlar ayri'qsha tilge ali'ni'p, wolar ismleri ma'ngilestirilmekte.

Sonday tulg'alardi'n' biri qaraqalpaq xali'qi'ni'n' a'diwli perzenti, talantli' shayi'r, teryen' woyli' ilimpaz, ma'mleketlik g'ayratker filologiya ilimlerinin' doktori'-Nawri'z Japaqov. Shayi'r jazi'wshi' ha'm ilimpaz N.Japaqovti'n' tuwi'lg'ani'na 90 ji'lli'q merekesi 2004-ji'li' Respublika ko'leminde belgilenip wo'tildi.

XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'nda belgili tulg'alardi'n' biri N.Japaqov. «N.Japaqov-shayi'r, u'lken ali'm ha'm belgili ja'miyetlik isker»[2]

N.Japaqovti'n' wo'miri ha'm do'retiwshilik joli' 30-ji'llarg'a shekem ka'liplesti ha'm rawajlandi'. Wol wo'zinin' pu'tkil sanali' wo'mirinde xalqi'na talantli' shayi'r, jurnalist, awdarmashi', ali'm, ja'miyetlik ha'm siyasiy g'ayratker si'pati'nda xi'zmet yyetti.

---

1 Каримов И.А. Бизден азат ҳәм абат Ўатан қалсын, II бап, Ташкент, «Өзбекстан» баспасы, 1996 ж.

2 Жапақов Н. Нөкис, 1990, 473 бет.

N.Japaqovti’n’ wo’mir joli’na na’zer taslasaq uli’wma qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’ menen tami’rlas yyekenin ko’remiz. Wol 1914-ji’li’ ha’zirgi Taxtako’pir rayoni’nda gedey –diyxan shan’arag’i’nda tuwi’ladi’. Biraq won jasi’na deyin-aq Nawri’z atasi’nan ayri’li’p jetim qaladi’. Sol da’wirde xalqi’ qanday awi’rmanli’q jag’daylardi’ bastan keshirgen bolsa, sol uli’wma xali’q basi’ndag’i’ turmi’sti’n’ qi’yi’n bir ko’rinisin N.Japaqovta bastan keshirdi. Wol jasi’nan baylardi’n’ mali’n bag’i’p, ku’nlikshilik yyetip ku’n ko’ryedi. Woni’n’ wo’z xalqi’ni’n’ qa’dirdan uli’ da’rejesine jetiwinde - ata-anasi’ni’n’ da, ta’rbiyalag’an mektebinin’ de, woqi’tqan mug’alliminin’ de, hu’kimyettin’ de g’amxorli’g’i’ boldi’.[1] Haqi’yqati’nda N.Japaqovti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi tuwrali’ xazi’lg’an miynetlerge na’zer taslag’ani’mi’zda, Nawri’z Japaqov turmi’sti’n’ xan’a yesigin ashi’wi’na, wo’mir joli’n tan’lawi’nda tuwri’ jol ko’rsyetken sol da’wir shariyati’ boldi’. Sol waqi’tlari’ pu’tkil qaraqalpaq yelinde boli’p ati’rg’an u’lken buri’li’s N.Japaqovti’n’ da wo’mirine ta’sir jasadi’. Degen menen turmi’sti’n’ ha’r qi’yli’ awi’rmanshi’li’g’i’na giriptar bolg’an N.Japaqov da’slepki waqi’tta mektep partasi’nda ti’yanaqli’ woti’ri’p, woqi’w mu’mkinshiligine yerise almaydi’. Lekin wo’zinin’ woqi’wg’a degen qushtarli’g’i’ sebepli, jazda mal baqsa, qi’sta awi’lli’q mektepke qashi’p bari’p sawat asha baslaydi’.

N.Japaqovti’n’ wo’mir joli’na qi’sqasha sholi’w jasasaq, wol 1926-30- ji’llar arali’g’i’nda mektep –internatta «soni’n’ «Kommuna» mektebi boladi’ «sawati’n ashadi’. Biraq sol waqi’tta mug’allimnin’

---

[1] Ахметов С.,Есенов Ж. Қарақалпақстан Реѕпубликасының жазыўшылары. Нөкис, Билим, 1995, 34-бет.

jetispewine baylansli' ha'm respublikada sawatsi'zli'qti' saplasti'ri'w mug'allimi yyetip jiberyedi. Ba'rqulla Joqari' woqi'w worni'na bari'p woqi'w di'qqat worayi'nda bolg'an N.Japaqov 1931-ji'li' Ashxabat qalasi'na bari'p Worta Aziyali'q Zooveterinariya instituti'na woqi'wg'a kiryedi. Biraq den sawli'g'i'na baylansli' woqi'wdi' dawam yete almay 1931-ji'li' oktyabr ayi'nda Shabbaz rayoni'nda jaslar bo'liminin' basli'g'i' boli'p jumi'sqa wornalasadi'.

N.Japaqovti'n' wo'mir ha'm do'retiwshilik joli' da'slep respublika ja'miyetshiligine shayi'r ha'm ja'miyetshilik isker si'pati'nda tani'ldi'. Woni'n' ta'biyg'i'y talanti'ni'n' boli'wi', jazi'wshi'-shayi'r si'pati'nda qosi'qlar do'retiwi, awdarmashi'li'q isleri menen shug'i'llani'wi', ku'delikli a'debiy processge belsene qatnasi'wi', woni' 1932-1938-ji'llari' respublikali'q «Jyetkenshek», «Jas Leninshi» gazetalari'ni'n' juwapli' xa'reketi, son' 1938-1942-ji'llari' «Qi'zi'l Qaraqalpaqstan» «ha'zirgi «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda, «Qaraqalpaqstan a'debiyati' ha'm isskustvosi'» jurnali'nda juwapli' xi'zmetlerdi islewine sebepshi yyetti. Demek N.Japaqov shayi'rli'q penen bir qatarda respublikada baspaso'zdi rawajlandi'ri'wda da jemisli miynet yyetkenin atap wo'tiwimiz kerek.

N.Japaqov 1942-ji'ldan baslap joqari' lawazi'mlarda isslyedi. 1942-1948-ji'llari' Qaraqalpaqstan wa'layatli'q komsomol komitetinin' birinshi xa'tkeri, 1943-1947-ji'llari' wa'layatli'q partiya komitetinin' propag'anda ha'm agitaciya boyi'nsha xa'tkeri, 1947-1952-ji'llari' QQASSR Ministerler Kyen'esinin' basli'g'i', 1952-1955-ji'llari' Joqari' partiya mektebinin' ti'n'lawshi'si', 1956-1959-

ji’llari’ QQASSR Joqari’ Kyen’esi  Prezidimumi’ni’n’ basli’g’i’ ha’m Ministerler Ken’esinin’  basli’g’i’ boli’p isslyedi.

«Xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’y  basi’p wo’tken  joli’n yeske tu’sirsek» dep jazadi’  filologiya ilimlerinin’ kandidati’ T.Ma’mbetniyazov, «N.Japaqov komsomol, partiya jumi’slari’nda  basshi’ xi’zmette  islegen waqti’ na  tuwra kelyedi. Wol Ulli’ Watandarli’q  uri’s ha’m uri’stan keyingi  awi’r  ji’llarda isslyedi. Bul ji’llari’  bir jag’i’nan   xali’qti’n’ ku’n ko’risi to’men yyedi, yekinshiden turmi’s  tarawlari’ xa’zirgidey texnikalaspag’an yyedi.  Wol waqi’ttag’i’  wo’ndiris quraali’ni’n’ ko’pshiligi bel  menen ketpen, wo’giz qos penen at arba yyedi. Mine, usi’ jag’dayda da  ma’mleketlik plandi’  wori’nlawg’a tuwra keldi»[1]-deydi.

N.Japaqovti’n’ bunnan song’i’, yag’ni’y 1960-ji’llardan baslap wo’mirinin’ aqi’ri’na shekemgi  ji’llara’debiy do’retiwshilik,  ilimiy izertlew jumi’slari’ menen baylani’sli’.

Biz bul  pitkeriw  jumi’si’mi’zda tiykari’nan N.Japaqovti’n’ lirikali’q qosi’qlari’ni’n’  ha’m ilmiy izertlew  jumi’slari’n basli’ bag’dar yyetip ali’p woti’rmi’z. Lekin, N.Japaqovti’n’ qaraqalpaq baspasi’ wo’zin rawajlandi’ri’wdag’i’ yamasa joqari’ ja’miyetlik jumi’slarda islegen xi’zmetleri, yaki  awdarma  tarawi’nda islegen jumi’slari’ni’n’ wo’zi-aq bir pitkeriw  jumi’si’ni’n’ temasi’ boli’wg’a i’layi’qli’ yyekenin sezemiz.

N.Japaqov wonnan aslam qosi’qlar toplami’ni’n’, ju’zge jaqi’n ilimiy  maqalalardi’n’ ha’m  birneshe  monografiyalardi’n’ avtori’. Ha’tteki, wol  talantli’ kinoscenarist  si’pati’nda da belgili, qaraqalpaq

---

[1] Жапақов Н. Нөкис, 1990, 484-бет.

xalqi'ni'n' turmi'si'nan ali'p M.Muelkumov penen birlikte «Aral bali'qshi'lari'», «Qi'ri'q qi'z» kinoscenariyin jazdi'. Sonday-aq awdarma tarawi'nda da wo'nimli islep, A.Nawayi'ni'n', A.S.Pushkinnin', M.Yu. Lermontovti'n', T.G. Shevchenkoni'n', X.X.Niyaziydin', Muhimiydin' ha'm tag'i' basqa da tuwi'sqan xali'qlardi'n' jazi'wshi'-shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'n qaraqalpaq tiline awdari'p, qaraqalpaq kitap woqi'wshi'lari'n, wolardi' wo'z anna tiline woqi'wg'a miyasar yyetti. N.Japaqovti'n' awdarmalari' tu'p nusqani' beriwi ha'm ko'rkemligi jag'i'nan di'qqat awdaradi'. Uli'wma aytqanda, N.Japaqovti'n' awdarmashi'li'q ha'm kinoscenariya tarawi'nda islegen xi'zmetleri arnawli' wyreniwdi talap yetetug'i'n ma'sele bolg'anli'qtan biz bul jumi'si'mi'zda bul tareplerine di'qqat awdarmadi'q.

Pitkeriw jumi'si'mi'zdi' yeki u'lken bapqa bolip, birinshi bapta N.Japaqovti'n' ilimiy-a'debiy izertlew ji'mi'slari'ni'n' basli' wo'zgesheliklerine itibar berdik. Wonda 1930-ji'llardan baslap a'debiy processke qi'si'qasha kritikali'q recenziyali'q maqalalari' menen aralasqan N.Japaqovti'n', a'debiy si'nshi' si'pati'ndag'i' maqalalari'na toqtadi'q. Haqi'yqati'nda da wol jan'a qa'liplesip ati'rg'an qaraqalpaq a'debiyati'na da'slepki shi'g'armalari' menen kirip kiyati'rg'an jas jazi'wshi'lardi'n' shi'g'armalari'na pikir aytip, wolardi'n' ideyali'q ko'rkemlik ha'm formali'q jaqtan bayi'wi'na u'les qosqan yyedi. Yekinshi bapta woni'n' birinshi u'lken ilimiy izertlew jumi'si' bolg'an «A.Muwsaevti'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi» atli' monografiyasi' boyi'nsha wo'z pikirimizdi bildirdik. N.Japaqovti'n' A.Muwsaev do'retiwshiligin izertlewdegi usi'li'na, ashqan ilimiy xan'ali'g'i'na t.b.

kyen’ tu’rde toqtadi’q. Woni’n’ talantai’ qaraqalpaq xali’q shayi’rlari’ Ayumurzaev, A.Dabi’lov, Q.A’wezov, S.Ma’jiytov, D.Nazbergenov, A’bdiqa’dir shayi’r t. basqalardan’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi boyi’nsha izertlewleri ilimiy miynetlerinin’ basli’ wo’zgesheligin quraytug’i’ni’ da’llilenyedi. Sonday-aq ali’mni’n’ sol da’wirleri qaraqalpaq a’debiyati’nda yyen’ az izertlengen problemalardi’n’ biri boyi’nsha jazi’lg’an «Sotsialistik realizm joli’nda», «Revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq a’debiyati’nda realizm ma’selesi», miynetlerine wo’z pikirimizdi bildirdik. Ali’mnan’ folklordag’i’ realistik elementlerden baslap, XX a’sir shai’rlari’ni’n’ do’retiwshiligindegi realizm belgilerin ashi’p beriwdegi jan’ali’g’i’n atap wo’ttik.

Qullasi’, N.Japaqovti’n’ ilimpaz si’pati’nda qaraqalpaq a’debiyati’nda a’debiyattani’w iliminin’ ha’m folkloristikasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda izertlew ju’rgizgen ko’rnekli qaraqalpaq ali’mi’ yyekenin tani’ti’wg’a xa’reket yyettik.

## I Bap

## Nawri'z Japaqovti'n' a'debiy-si'n maqalalari'ni'n' tiykarg'i' bag'darlari'

Belgili a'debiyatshi', S.Axmetov N.Japaqov do'retiwshiligi haqqi'nda bi'lay degen yedi «Nawri'z Japaqov- qaraqalpaq a'debiyati'nda belgili wo'z wori'ni' bar talantli' shayi'r. Soni'n' menen birge wol qaraqalpaq a'debiyati'n izerliwge bar ku'sh-jigerin jumsag'an sanawli' ali'mlardi'n' biri»[1] dep worni'li' belgilegenindey shi'ni'nda da N.Japaqovti'n' shayi'rli'q talanti' menen birgelikte ha'r xi'yli' temadag'i' a'debiy si'n-maqalalari' da bul pikirdi ja'ne bir ma'rte tasti'yqlaydi'. Wol wo'z da'wirinde ja'miyetlik jumi'slar menen birgelikte a'debiyatti'n' haqi'yqi'y jan-ku'yeri boldi'. Sebebi yele awi'zeki a'debiyatti'n' ta'sirinde ju'rgen jas qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' gu'lleniwi ushi'n u'lken mashkalalar turg'an yedi. Mine bul mashkalalardi' sheshiwge wo'zinin' a'debiyat haqqi'ndag'i' si'n-maqalalari' menen belsendilik ko'rsyetken ali'm-shayi'r N.Japaqov boldi'. Ma'selen woni'n' da'slepki maqalalari'ni'n' biri «Woylasi'qqa qoyi'lg'an wortaq pikirler haqqi'nda» maqalasi'nda jas qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' sol waqi'tlardag'i' qa'lem iyelerinen S.Ma'jiytov do'retiwshiligi boyi'nsha ayri'qsha toqtaydi' woni'n' do'retiwshiligi boyi'nsha ayi'ri'm tu'sinbewshilik pikirilerdi biykarlaydi'. Shayi'r qosi'qlari'ni'n' ideyasi'n burmalawshi' ayri'm pikirler menen kelispey shayi'rdi'n' do'retiwshiligi boyi'nsha woni' yeki da'wirdi ko'rgen adam, al haqi'yqi'y jazi'wshi'li'q talanti' jan'a da'wirde

[1] Ахметов С. Белгили шайыр, үлкен алым. «Әмиўдарья» Ni, qoio-ж.

rawajlang'ani'n ko'remiz, dep talant iyesinin' do'retiwshilik bag'darlari'n jan'a zaman menen baylani'sli' tu'siniwge shaqi'radi'.

Shayrdi'n' ilim-bilim temasi'ndag'i' miynet temasi'ndag'i' ko'pshilik qosi'qlari'ni'n' jan'a da'wir temasi'na arnalg'an qosi'qlari'n ideyasi'n dqri's tallawg'a ko'rkemlik wo'zgesheliklerin ashi'p beriwge ha'reket yyetkenin ko'remiz. Soni'n' menen birgelikte shayi'r do'retiwshiliginde qarama-qarsi' ko'zqaraslardi'n' bolg'ani'n da atap wo'tyedi.

«Qaraqalapaq teatr wo'nerinin' sho'lkemlestiriwshisi» maqalasi'nda Hamza Ha'kimzada Niyaziydin' birinshi ret bizin' yelimizge keliwi qaraqlpaq ko'rkem wo'ner tariyxi'nda belgili u'lesi bolg'ani'n atap wwo'tyedi. Soni'n' menen birge qaraqalpaq teatr wo'nerinin' belgili sho'lkemlestiriwshilerinin' biri yyekenin ko'rsyetedi. Bul mqalasi' 1961-ji'li' «Jas Leninshi» gazetasi'nda ja'riyalanadi'.

«Qaraqalpaq ko'rkem a'deyabiyati' haqqi'nda» maqalasi'nda qaraqalpaq a'debiyati'n tariyxqa baylani'sti'ri'p yeki da'wirge bo'lip u'yrenyedi. Birinshi da'wir- qaraqalpaq xalqi'ni'n' Xorezmge ko'ship kelmesten buri'ng'i' da'wiri. Ani'q aytqanda, 1754-ji'ldan arjag'i'ndag'i' da'wir. Yekinshi da'wir- qaraqalpaq xi'lqi'ni'n' Xorezmge ko'ship kelgennen keyngi 1937-ji'lg'i' revolyutsiyag'a shekemgi da'wiri, yag'ni'y 1754-ji'ldan 1917-ji'lg'a shekemgi da'wir. Birinshi da'wirde Xorezmge ko'ship kelmesten buri'ng'i' yag'ni'y arjag'i'ndag'i' mag'li'wmat boyi'nsha folklordan basqa belgili avtorli' shi'g'armag'a, ya bolmasa belgili jazi'wshi' shayi'rg'a iye yyemespiz. Biraq bul so'zden wolar bolg'a joq degen ma'ni shi'qpaydi'. Wolar

bolg’an. Biraq bizin’ da’wirimizge shekem kelip jetpegen.Yele ma’lim yyemes sonli’qtan birinshi da’wirde qaraqalpaq a’debiyati’nda folklorg’a g’ana iyemiz dep folklordi’n’ yyerteklerden baslap da’stanlarg’a shekemgi janrlari’n ko’rsyetedi. Bul da’wirdi tariyx penen baylani’sli’ u’yreniwdi atap wwo’tyedi. Tariyxi’y wo’tmishke kyen’nen sholi’w jasaydi’. Joqari’dag’i’ janrlardi’n’ ha’r birine arnawli’ toqtap wo’tyedi. Al yekinshi da’wirinde bolsa ilimpaz qaraqalpaq xalqi’ni’n’ Horezmge ko’ship kelgennen keyngi da’wirin ali’p qaraydi’. Qaraqalpaqlardi’n’ da’slepki usi’ at penen atali’wi’n,olardi’n’ Si’rdarya, Tu’rkistan do’gereklerinde jaylag’an tariyxlari’na sholi’w jasaydi’. Wolardi’n’ Xorezmge birinshi ret keliwi 1715-ji’llar dep tariyxi’y mag’li’wmatlarg’a su’wengen xalda tasti’yqlawlar beryedi. Qaraqalpaq jazba a’debiyati’ni’n’ tiykari’n sali’wshi’lardan Jiyen ji’raw, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, Wo’tesh, Womarlar shi’qti’, deydi. Demek bul jag’i’nan avtordi’n’ 60-ji’llardan baslap aq qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ni’n’ to’rkinleri haqqi’ndag’i’ ma’selege da’slepkilerden boli’p tu’rtki salg’anlardi’n’ biri bolg’ani’n biliwmizge boladi’. Sebebi bul ma’sele bir neshe waqi’tlar dawami’nda a’debiyatshi’lar ta’repinen tarti’sli’ pikirlerdi woyati’p ilimpaz K.Ma’mbetovti’n’ izertlewleri «A’yyemgi qaraqalpaq a’debiyati’ No’kis, 1976-ji’l» menen juwmaqlang’ani’ ma’lim. Usi’nday ko’lemli a’debiyat ushi’n a’xmiyetli ma’selelerdi qamti’g’an maqalalari’nan «Beruniy ha’m a’debiyat» maqalasi’. Bunda Beruniydi’n’ dani’shpanli’g’i’ a’debiyat ilimindegi worni’ haqqi’nda arnawli’ so’z yetedi. Buruniydi’n’ ko’rkem a’debiyattan paydalani’w ma’selesi so’z yetilyedi, bul ilimdi rawajlandi’ri’wda qosqan u’lesleri haqqi’nda

toqtaydi’. Woni’n’ bul bag’dardag’i’ u’leslerin to’mendegishe atap wo’tyedi. Birinshi A’bu Rayxan Beruniy-a’debiyat haqqi’nda arnawli’ jumi’s islegen ali’m. «Saylang’an qosi’qlar haqqi’nda kitap» ha’m xind xalqi’ni’n’ poezisi’ni’n’ quri’li’si’, wo’lshemi ja’ne shayi’r A’bu Tammani’n’ qosi’qlari’na tallw jasawlari’ woni’n’ a’debiyattani’w iliminin’ jetik qa’niygesi yyekenin bildiryedi,

Yekinshiden sestemalasti’ri’wda, woni’n’ u’lgilerin woqi’wshi’larg’a qolayli’ yyetip toplam antologiya du’ziu’de a’debiyattani’w iliminin’ birine jatadi’. Wol poeziya menen folklordi’n’ yesteliklerinin’ antologiyasi’n du’zgen.

U’shinshiden a’debiyat u’lgilerin ji’ynaw ha’m woni’ puxta u’yreniw isi de a’debiyattani’w iliminin’ bir tarawi’ yyekeni ma’lim. Bul jo’ninde de Buruniy u’lgili jumi’slar islegen. Jazba ha’m awi’zeki a’debiyat u’lgilerin bari’nsha ji’ynag’an ha’m puxta u’yrenip tallaw jasag’an.

To’rtinshiden a’debiyattani’w ilimi- a’debiyatti’ xali’qti’n’ iygiligi, jaqsi’li’q, adamgershilik, Adam ja’miyetinin’ alg’a ilgerlewi ushi’n paydalana biliw isin de wo’z ishine aladi’. A’debiyatshi’ ha’m a’debiyattani’w iliminin’ wa’kili retinde Beruniy bul tarawda da u’lken jumi’s islep ko’rkem a’debiyattan qalay paydalani’wdi’n’ a’jayi’p u’lgisin ko’rsyetken-deydi. Demek bul ilimpazdi’n’ Beruniydin’ a’debiyattani’w ilimindegi xi’zmetlerin anqlawdag’i’ unamli’ juwmaqlari’ a’xmiyetli boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ menen birge ulli’ talant iyesinin’ shayi’rli’q wo’nerine de toqtaydi’, awdarmali’q xi’zmetlerine de toqtap wo’tyedi, mi’naday juwmaqlarg’a kelyedi. Beruniy Worta Aziya xali’qlari’ni’n’ soni’n’ ishinde qaraqalpaq

xalqi’ni’n’ uzaqtan kiyati’rg’an ma’deniyati’na, a’debiyati’na u’lken u’les qosqan. Woni’n’ qaldi’rg’an a’debiy miyraslari’ ko’rkem shi’g’armalari’ bizin jazba a’debiyati’mi’zdi’n’ sag’alari’ ushi’n ji’ynag’an sistemalasti’ri’lg’an xali’q awi’zeki do’retpelerinin’ u’lgileri folklori’mi’z tariyxi’ ushi’n tyen’i joq bahali’ g’a’ziyne boli’p tabi’ladi’, deydi degen tasti’yqlawlari’ haqi’yqi’y ali’mni’n’ baqlawlari’ yyekenin ko’remiz.

N.Japaqovti’n’ «Xali’qti’n’ ma’rtligi ha’m Ag’ahiydin’ ji’rlari’» 1968-ji’lgi’ jazi’lg’an maqalasi’nda Xorezmli shayi’r ha’m tariyxshi’ Muxammed Riza Yerniyazbek uli’ Ag’ahiy do’retiwshiligi haqqi’nda so’z yetedi. Woni’n’ rubayi’lari’ni’n’ wo’z da’wirindegi xali’qti’n’ siyasi’y turmi’si’ndag’i’ worni’ haqqi’ndag’i’ a’hmiyeti ma’selesin qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ Ku’nxoja, A’jiniyaz shi’g’armalari’ menen u’nles yyekenligi arnawli’ so’z yetilgen. Bul talant iyelerinin’ so’z yetken ideyalari’ni’n’ baylani’si’ ma’selelerin ani’n’ faktler menen sali’sti’ri’p wo’tyedi. Bul jag’i’nan ilimpazdi’n’ a’debiy baylani’s, a’debiy ta’sir ma’selelerinde yyerterekten so’z yetip baslag’ani’n ayti’w wori’nli’.

1960-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nda N.Japaqov worta mekteplerde woqi’wshi’larg’a a’debiyat sabag’i’n woqi’ti’wda, sapali’ sabaqlardi’n’ za’ru’rligin ba’rkulla yeskertip bardi’. Usi’ bag’darda «Mekteplerde a’debiyat sabag’i’n woqi’ti’w haqqi’ndag’i’ geypara woylar», «IX-X-qaraqalpaq klaslari’na a’debiyattan programma proektine qi’sqasha otzi’v» maqalalari’n jazi’p woqi’wshi’lardi’ tarbiyalawda, wolarg’a ideyali’q ha’m estetikali’q ta’rbiya beriwde wolardi’n’ woy-wo’risin kyen’eytiwde a’debiyat sabag’i’ wog’ada

a'hmiyetli rol woynaytug'i'nli'g'i'na di'qqat bo'ldi. Wol da'wirde a'debiyat boyi'nsha bag'darlama, islewdin' wo'zi qi'yi'n yedi.

Mine, usi'nday a'xmiyetli ma'selelerge da'slepkilerden boli'p di'qqat bo'lgen ali'mni'n' ja'ne bir maqalasi' «Xalqi'mi'zdi'n' ma'deniy miyrasi'na puxta qarayi'q» dep ataladi'. Bunda da avtordi'n' sol da'wirdegi a'debiyatti'n' yyen' aldi'ng'i' wazi'ypalari'n sheshiwge baylani'sli' pikirleri wori'n alg'an. Yag'ni'y, maqala bi'lay baslanadi' «Qaraqalpaq xalqi' a'iyemgi xali'qlardi'n' biri. Woni'n' a'sirler boyi' saqlani'p kiyati'rg'an ma'deniyat,a'debiyat ha'm basqa ruwxi'y bayli'qlari' bar. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ma'deniy miyraslari'n bekkem ha'm puxta saqlawshi' yyen' da'slep qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'zi ha'm sol xali'qti'n' ishinen shi'qqan aldi'ng'i' qatar sawatli', ma'deniyatli' adamlari' yyekeni ma'lim. A'sirese miliy ma'deniyatti' du'ziwshilerdin' wo'zleri ma'deniy miyrasti' a'wladtan-a'wlatqa jetkeriwshiler bolg'an.»[1] dep bul qaraqalpaq xalqi'nan Jiyen,Ku'nxoja,A'jiniyaz,Berdaq ha'm basqalar wo'zinen buri'ng'i' da'stan, qosi'qlardi' u'yrenip, wolardi' wo'z zamani'na ayti'p, jazi'p, tarati'p qoymastan keyngi a'wlatqada jetkeriwshi bolg'ani'n belgileydi. Soni'n' menen birge qaraqalpaq xalqi'ni'n' revolyutsiyag'a shekemgi ma'deniy miyrasi'ni'n' saqlani'w ha'm ji'ynali'w az da bolsa izertleniw isine tuwi'sqan xali'qlar wa'killerinin' u'leside az yyemesligin tasti'yqlaydi'. Solardan birinshi na'wbette rus xalqi'ni'n' wa'killeri bolg'an P. Ri'chkovti'n', İ.Belyaevti'n', A.Divaevti'n' atlari'n atap wo'tyedi. Biraq, xalqi'mi'zdi'n' ma'deniy miyrasi'n woni' ta'rtipke sali'w, wolar boyi'nsha ilimiy isler ju'rgiziw, shi'n

---

1

ma’nisinde revolyutsiyadan keyin g’ana qolg’a ali’ng’ani’n tiykarlap wolardi’ qayta tiklewge, jok boli’p ketiw qa’wipinen qutqari’lg’ani’n so’z yetedi. Bul ma’deniy miyraslardi’ izertlew islerine N.A.Baskakovti’n’ ilimiy-etnografiyali’q ekspyeditsiyasi’ni’n’ A.L.Melkovti’n’, A.A.Sokolovti’n’ ilimiy ekspyeditsiyalari’n worni’n bahalaydi’. Bul islerde qaraqalpaq xalqi’nan X.Axmetov, A.Begimov, N.Da’wqaraev, O.Kojurovlardi’n’ belsendilik penen qatnasqani’n, al ji’ynawshi’lardan S.Ma’wlenov, Sh.Xojaniyazovlardi’n’ qoljazbalardan ko’shirip, ji’ynap,toplap, kitapxanag’a tapsi’rg’anli’g’i’n so’z yetedi. Bul da sol da’g’wirdegi ma’deniy miyraslari’mi’zdi’ u’yreniwdegi xi’zmetlerge beregen ilimpazdi’n’ si’n ko’zqaraslari’ boli’p tabi’ladi’. Ja’ne de avtor mydeniy miyras degen so’zdin’ ma’nisine kyen’ itibar qarati’p, wog’an ko’p na’rseler kiretug’i’ni’n ayti’p bunnan ko’rkem a’debiyat haqqi’ndag’i’ ma’seleni qozg’ap ati’rg’ani’n da’lilleydi. Solay yetip sol 60-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’na shekem bul tarawdi’n’ jetiskenliklerine toqtap ilimiy doktorli’k dissertatsiyalar jaqlag’an ali’mlardan N.Da’wqaraev, İ.Sag’i’ytov, Q.Ayi’mbetov, Q.Maqsetov, A.Karimovlardi’ atap wo’tyedi. Ayi’ri’qsha tu’rde ilimpaz H.Ha’miytovti’n’ yeski qaraqalpaq tili yuridikali’q dokumentlerinin’ tilinin’ xa’zirgi karaqalpaq a’debiy tiline baylani’sli’ bag’dari’ndag’i’ kandidatli’q dissertatsiya jumi’si’na joqari’ baha beryedi. Bul maqalada ilimaz qol jazba materiallardi’ ta’rtipke sali’w, woni’n’ saqlani’wi’n jaqsi’law ma’selelerinede kewil bo’lyedi ha’r bir talant iyesinin’ qol jazba nusqalari’ni’n’ wo’zgertilmey paydalani’w ta’reptari’ boladi’. Usi’ bag’dardag’i’ kyetken kemshiliklerge de toqtap wo’tyedi. Ma’selen, sol da’wirde worta mektepler sabaqli’g’i’na

kyetken shayi’r Si’di’q Toqpan uli’ni’n’ qosi’qlari’ tekstlerinin’ a’dewir wo’zgertilip kirgizilgenin si’ng’a aladi’. Bunday kemshiliklerdin’ Berdaq, Wo’tesh shi’g’armalari’nda da wori’n alg’ani’n jan ashi’rli’q penen ko’rsyetedi. Usi’ tarawda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ belgili talant iyeleri shi’g’armalari’ni’n’ qol jazbalari’n ji’ynaw ma’selesinede di’qqat bo’lip wo’tyedi. Wolardi’n’ ma’deniy miyraslari’n, sonday-aq da’stan, qi’ssa,kitap ha’m qol jazbalari’n ayi’ri’m adamlarda saqlani’p az adamlardi’n’ paydalang’ani’nan ko’re, ko’pshilik ja’miyetlik padalani’wda bolg’ani’ arti’qmash yyekenin tu’sindiryedi. Soni’n’ ushi’n da mydeniy miyraslardi’n’ tezrek ji’ynali’wi’, ilim, mydeniyatti’n’ tag’i’da rawajlani’wi’na tiykarg’i’ materiallar bolatug’i’ni’n ayti’p wo’tyedi. Ko’rip wo’tkenimizdey ilimpazdi’n’ bul maqalasi’nda ma’deniy miyras ha’m wog’an itibarli’q penen qatnas jasaw, wolardi’ ji’ynaw, izertlew, saqlaw ma’selelerine di’qqat bo’lip wo’z da’wiri ushi’n u’lken ma’selelerdi sheshiwge kiriskenin bayqadi’q.

N.Japaqovti’n’ ko’pshilik maqalalari’nda tuwi’sqan xali’qlar wa’killeri do’retiwshiligi ko’birek so’z yetilgeni ma’lim. Solardi’n’ ishinde wo’zbek,qazaq ha’m tag’i’ basqalar. Usi’lar menen birgelikte qaraqalpaq xalqi’ni’n’ talantli’ shayi’ri’ Berdaq do’retiwshilige arnalg’an maqalasi’da bar «Berdaq-qaraqalpaq ha’m Xorezm xali’qlari’ni’n’ dosli’g’i’n ji’rladi’» atamasi’ndag’i’ bul maqalada Berdaqti’n’ Aydos baba poemasi’ haqqi’nda, shayi’rdi’n’ ideyali’q tematikali’q ta’replerinin’ Munis, Agaxiyler menen u’nles yyekenligi so’z yetilyedi. Poemani’n’ unamli’ qaxarmanlari’na qaraqalpaq xalqi’n,wo’zbek doslari’n, shayi’rdi’n’ wo’zin, al unamsi’z

qaxarmanlari'na Xiywa xani'n feodallardi', qaraqalpaq biylerin kirgizip tallawg'a ha'reket yetken. Bul bir jag'i'nan sol da'wir ko'zqarasi'nan duri's tallaw yedi. Soni'n' menen birge poemani'n' tiykarg'i' ideyasi'ni'n' g'a'rezsizlik, a'dalatli'q ushi'n gu'res, ko'teriliste xali'q birliginin' kerek yyekenligi si'yaqli' ma'selelerge quri'lg'ani' wori'nli' da'lillengen. Demek bul jag'i'nan avtor Berdaq do'retiwshiligin u'yreniwdin' quramali'li'g'i'n ko'rsetiwi menen qunli' miynet do'ryetken.

İlimpazdi'n' qaraqalpaq folklori'na baylani'sli' maqalalari'ni'n' da ko'pshiligi awi'zeki do'retpelerden naqi'l-maqallarg'a, jumbaqlarg'a, da'stanlarg'a arnalg'ani'n ko'remiz. Ma'selen «XI-XV a'sirlerdegi folklor» maqalasi'nda Worta Aziyadag'i' tu'rkiy tilles xali'qlarg'a, soni'n' ishinde qaraqalpaq xalqi'na da wortali'q bog'an folklor tariyxi'na toqtaydi'. Belgili ilimpaz filologiya ilimlerinin' doktori' A.Kayumov jazg'anday «A'yyemgi Worta Aziya yellerinde qanday ma'deniyatlardi'n' ju'zege kelgeni, wolardi'n' qi'yrali'p ketkeni ma'lim. Biraq, h'a'r bir xali'q tariyxi'nda wo'zinin' ma'lim izlerin qaldi'rdi', keleshekke ilgerilewge tiykar tayarlap ketti» degen pikirlerin yesapqa ali'p avtor ma'deniy, a'debiy rawajlani'wdi'n' uzaq protsess yekenligin so'z yetedi. Sonli'qtan qaraqalpaq xalqi'ni'n' tu'rkiy tiller xali'qlar qurami'nda ko'p a'sirler boli'p ma'deniyati', a'debiyati' wortaq bolg'anli'g'i'na sholi'w jasaydi'. Basqa xali'qlarday sotsial-ekonomikali'q h'a'm siyasiy jag'daylarg'a baylani'sli' bir wori'nnan, yekinshi wori'ng'a ko'shiwge ma'jbu'r bolg'ani'n, ko'p waqi'yalardi' basi'nan wo'tkergenine toqtaydi'. Tuwi'sqan xali'qlar si'yaqli' qaraqalpaq xalqi'ni'n' da ja'miyetlik

rawajlani’wdi’n’ bir qansha basqi’shi’nan wo’tkeni ma’lim dep bildiredi. Tariyxi’y da’reklerdin’ ko’rsetiwi boyi’nsha tu’rkiy uri’w-taypalari’, shama menen aytqanda IX a’sirge shekem ja’miyetlik rawajlani’wdi’n’ uri’wli’q-qa’wimlik da’rejesinde bolg’ani’n aytadi’. X a’sirden baslap feodalli’q du’zimge wo’tkenin a’sirese, Xorezmde XIII a’sirdin’ basi’nda aq toli’q qa’liplesken feodalli’q du’zim payda boladi’ -deydi. Bul pikirlerge tariyxshi’ S.P.Tolstov, a’debiyatshi’ ilimpaz İ.R.Stebleva miynetlerin da’rek si’pati’nda ko’rsetedi. Bunnan son’ ilimpaz qaraqalpaq folklori’ni’n’ janrli’q tu’rlerinen joqlaw, salt-da’stu’r, toybaslaw, xa’wjar, si’n’si’w, betashar tu’rlerinede ken’nen toqtap mi’sallar keltiredi, wolardi’n’ qaraqalpaq folklori’ni’n’ bah’ali’ miyraslari’ yekenligine itibar qaratadi’. «XI-XV a’sirlerdin’ siyasiy-ekonomikali’q jag’daylari’ h’a’m a’debiyat maqalasi’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tu’rkiy xali’qlar ishinde uzaq ji’llardan beri kiyati’rg’an ma’deniyati’na iye, ko’plegen a’debiy yesteliklerinin’ bar yekenligin so’z yetedi. Wolardan Yusup Xas Ha’jibtin’ « Qutadg’u bilik» da’stani’ menen Maxmud Qashqariydin’ «Devonu Lug’atit tu’rk» miynetlerine itibar qaratadi’. Wolardi’n’ qaraqalpaq a’debiyati’na qatnasi’ ma’selelerin azi’-kem so’z yetedi. «Devonu Lug’atit tu’rk» miynetindegi maqallardi’n’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ h’a’zirgi turmi’si’nda bar naqi’l-maqallar menen baylani’si’, geyparalari’ni’n’ wo’zgerissiz ayti’li’p qollani’li’wi’na da’slepkilerden boli’p itibar qaratqani’n ko’remiz. Bulardan basqa «Qi’pshaqlar so’zligi» h’a’m tag’i’ basqada do’retpelerdin’ qaraqalpaq a’debiyati’na qatnasi’ ma’selelerin ashi’p beredi. İlimpazdi’n’ «Aforizm» maqalasi’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da wo’z

gezeginde aforizmlerge bay yekenligin so'z yetip woni'n'da tiykarlari' teren'de yekenligin aytadi'. Yag'ni'y, joqari'dag'i' jazba esteliklerge sag'alas yekenin keltiredi, na'tiyjede qaraqalpaq xalqi'ni'n' a'debiy miyraslari'nan «Alpami's», «Qoblan» x.t.b. da'stanlarda aforizmlerdin' ko'plep boli'wi'ni'n' bag'darlari'n so'z yetedi. Solay yetip aforizm degen atama son'g'i' waqi'tta qollani'li'p ju'r. Buri'n bul si'yaqli' so'zler biyler, sheshenler aytqan so'z, yag'ni'y xikmetli so'zler dep ju'rgizilgen boli'wi' mu'mkin, deydi. Bizde aforizmlerdin' ko'pshiligi naqi'l-maqallarg'a aylani'p ketkenligide seziledi. Uri'wli'q- qa'wimlik feodalli'q da'wirde ko'p aforizmler wo'z da'wirinin', u'stem klass ma'plerinin' ideyasi'n beriw h'a'm solardi' bekkemlew ushi'n shi'g'ari'li'p ju'rgizilgeni, xali'qti' sol ruxta ta'rbiyalawg'a umti'ldi'rg'ani' ma'lim. Soni'n' menen birge biyler, sheshenler, aldi'ng'i' qatar adamlar h'a'm xali'qti'n' wo'zi ta'repinen aforizmler a'dalatli'q, adamgershilik, ko'pshilik xali'qti'n' ma'pinde beriledi. Ko'pshilik xali'q biylerdi sheshenlerdi a'dalatli', aqi'lli' adamlar dep tu'singen. Solay yetip so'z yetip woti'rg'an da'wirlerdegi aforizmlerde qarama-qarsi' yeki klassti'n' ma'pleri menen ideologiyasi' ko'rinedi. Miynetkesh xali'q wo'z ma'pin, ideyasi'n beretug'i'n aforizmlerdi ko'birek saqlap, wolardi' a'wlattan a'wlatqa jetkerip woti'rg'an. Degen menen u'stem klass ideyasi'n beretug'i'n- patsha, xan, baylardi' maqtap wolardi' ko'kke ko'teretug'i'n İslam dininin' ideyasi'n xali'qqa sin'istiriwdi na'zerde tutqan a'dewir da'rejedegi aforizmlerde saqlani'p qalg'an. Bul da ta'biyiy jag'day h'a'm ja'miyetlik rawajlani'wdag'i' adamzatti'n' woy-wo'risindegi ni'zamli'li'qti'n' bir

ko’rinisi boli’p tabi’ladi’. Sol da’wirdegi u’stem klass ideyasi’n beretug’i’n aforizmlerge mi’sal keltirediN’ «Xan-xali’qti’n’ atasi’» degen aforizm bar. Bunda ma’ni toli’q berilip qanday ideyani’ na’zerde tutqani’ ayti’lg’an . Al «Alpami’s» da’stani’n da Baysari’ bay tilinen Tayshaxang’a ayti’lg’an «xan u’stine xan kelse, bul da xanni’n’ miyneti.» degen aforizm bar. Bul joqari’da xan h’aqqi’nda ayti’lg’an aforizmdi konkretlestiredi h’a’m tasti’yqlaydi’. Usi’ aforizmlerde xanni’n’ a’dalatsi’z, tek u’stem klass topari’ni’n’ g’amqorshi’si’, miynet adamlari’na zuli’m yekenin bu’rkep, woni’ xali’qti’n’ g’amqorshi’si’ ko’rsetiw sol ideyada xali’qti’ xang’a beriliw, si’ylaw ruxi’nda ta’rbiyalaw bar yekeni ko’rinip tur. Biraq xanni’n’ a’dil bolmag’ani’n xali’qti’n’ g’amqorshi’si’ yemes, sheksiz yeziwshisi bolg’ani’n xali’q turmi’stan ko’rgen. Soni’n’ ushi’n xali’q «Xan ko’p bolsa-jaw ko’p boladi’» aforizmin shi’g’ari’p xanlardi’n’ ko’beyiwi xali’i’qqa mu’shkillik artadi’ dep tu’singen. Wolay yetip aforizm janri’ni’n’ tiykari’n xali’qti’n’ maqset-muratlari’n, ma’pin beretug’i’n aforizmler quraytug’i’ni’n aytadi’. Mi’sali’, «Jaqsi’dan sharapat, jamannan ka’sa’pat», «jaqsi’ni’ jeti jerge satqanda da sawali’ bolmaydi’» degen aforizmler bar. Bunda jaqsi’ adamni’n’ sabi’rli’, kishipeyil boli’wi’, adamg’a paydasi’ tiyiwi, jaman adamni’n’ tek wo’zine yemes jamanli’g’i’ menen basqalarg’ada zi’yani’ tiyetug’i’ni’ da’l ayti’lg’an. Solay yetip bul ma’sele h’aqqi’nda ilimpaz mi’naday juwmaqqa keledi, aforizmlerdin’ xali’q turmi’si’nan qamti’g’an temasi’ ken’ yekeni, woni’n’ a’yyemgi waqi’tlardan beri janr boli’p qa’liplesip ko’p da’wirler ishinde xali’qqa ruwh’i’y jaqtan xi’zmet yetip

kiyati’rg’ani’n atap wo’tedi. Bulardi’n’ wo’z aldi’na keleshekte izertlew za’ru’rligin qoyadi’.

«Naqi’l-maqallar» maqalasi’nda naqi’l-maqallardi’n’ jaqi’n waqi’tlarda do’relmegenin, wolardi’n’ uzaq wo’tmishinin’ jemisi yekenligin tasti’yqlaw arqali’ wolardi’n’ to’rkinine sholi’w jasaydi’. Xalqi’mi’zdi’n’ turmi’s-ta’jriybesinen payda bolg’an naqi’l-maqallardi’n’ mazmuni’n tallaydi’. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’ndag’i’ mal sharwashi’li’q ka’sibi u’lken wori’n tuti’wi’na baylani’sli’ mi’na naqi’llardi’ itibarg’a alg’an. «Diyxanshi’li’q biri bes, sharwashi’li’q wog’an yes» dep biykar ayti’lmag’an. Worta Aziya xali’qlari’ni’n’ soni’n’ ishinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’nda sharwashi’li’qti’n’ ji’lqi’ wo’siriw salasi’ u’lken a’xmiyetke iye bolg’an. Ji’lqi’ diyxanshi’li’q ushi’n ku’sh-ko’lik bolsa, yeti tamaq, terisi kiyim h’a’m yel qorg’aw isine kerekli quraldi’n’ biri yekenine itibar qaratadi’. Bulardan basqa ilim-bilim iyelewge, wo’nerge baylani’sli’ naqi’llardi’da ko’plep keltiri wolardi’n’ mazmuni’na di’qqat bo’ledi. Naqi’l-maqallardi’n’ janrli’q wo’zgesheligine, poetikasi’na itibar qaratadi’ to’mendegishe juwmaqlaydi’. Ko’rkem su’wretlew qurali’ni’n’ barli’g’i’ derlik naqi’l-maqallarda bar yekeni dawsi’z. Bulardi’n’ barli’g’i’ naqi’l-maqallardi’n’ xali’qti’n’ ko’rkem do’retpelerinin’ biri h’a’m janr retinde qa’lipleskeninin’ guwasi’ bolsa, birazi’-ko’rkem nag’i’z desek boladi’, deydi.

Usi’ bag’darda «Jumbaqlar» maqalasi’nda da xali’qti’n’ ko’rkem do’retpeleri ishinde jumbaqti’n’ belgili wori’n alatug’i’ni’, woni’n’ a’yyemgi zamanlarda aq janr retinde qa’lipleskeni h’aqqi’nda so’z

yetedi. Jumbaqlardi'n' tematikasi'na, a'debiyati'mi'zda u'yreniliw ma'selelerine itibar qaratadi'. «Ja'riyalanbag'an da'stanlar» maqalasi'nda qaraqalpaq da'stanlari'nan «Jaz kelen», «Ja'xa'nsha», «Shiyrin-sheker» da'stanlari' h'aqqi'nda toqtaydi'. Bul u'shsh da'stanni'n' ji'raw Qurbanbay Ta'jibaevtan jazi'p alg'ani'n aytadi'. Da'stanlardi'n' mazmuni', ideyasi', ko'rkemligi ma'selelerine ken'nen toqtap u'sh da'stanni'n' bir ji'rawdan jazi'p ali'ni'wi'na qaramastan mazmuni'ni'n' h'a'r qi'yli' yekeni ayti'li'p wo'tiledi. Bul qaraqalpaq xalqi'ni'n' do'retiwshilik, ruwxi'y ku'shinin' sarqi'lmas bulaqtay bay yekeninin' ko'rsetkishi boli'p tabi'ladi'. Bunday ja'riyalanbay ati'rg'an da'stanlar ko'p. Usi'lardi' ana-tilimizde basi'p shi'g'ari'wdi' tezletsek soni'n' menen birge ruz tiline awdarsaq u'lken jetiskenlik boladi' dep juwmaqlaydi'. «A'miwda'rya» jurnali' 1974-ji'l. Nawri'z Japaqovti'n' a'debiy-si'n maqalalari'ni'n' ishinde 40-ji'llari' a'debiy baylani'slar, dosli'q temasi'na arnalg'an maqalalari' ko'plep jazi'ldi'. Usi' da'wirde ayri'qsha wori's a'debiyati' menen tuwi'sqan xali'qlar a'debiyatlari' menen baylani'sta boli'w ma'selesi ku'n ta'rtibinin' tiykarg'i' wazi'ypalari'nan yedi. Sebebi wolardan ta'jriybeler toplaw, shi'g'armalari'nan awdarmalar jasaw a'xmiyeti de talap yetilip turdi'. Sonli'qtan ilimpazdi'n' «Taras Grigorevich Shevchenko» maqalasi'nda Shevchenko do'retiwshiligi Pushkin do'retiwshilikleri menen qatar qoyi'li'p u'yreniledi. Shevchenkoni'n' woy - pikirinin' wo'mr su'riw jag'daylari' xali'q penen baylani'sli' yekenligi atap wo'tiledi. Shayi'rdi'n' Watang'a degen muxabbati'ni'n' u'lken maqtani'sh penen ji'rlani'wi' h'aqqi'nda pikirler bildiredi.

Sonli’qtan shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ qaraqalpaq jas jazi’wshi’lari’na ta’jriybe mektebi bolatug’i’ni’n ko’rsetip wolardi’ awdari’w za’ru’rliklerin wortag’a qoyadi’. «Rus xalqi’ni’n’ dani’shpan shayi’ri’» maqalasi’ usi’ wori’s a’debiyati’ni’n’ belgili talant iyesi M.Yu.Lermontovti’n’ do’retiwshiligine arnaladi’. Lermontov rus xalqi’ni’n’ qanday su’yikli shayi’ri’ bolsa, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da su’yikli shayi’ri’ yekenligin shi’g’armalari’n tallaw mi’sali’nda da’lilledi. Shayi’rdi’n’ «Qashqi’n», « Borodina» shi’g’armalari’n wo’z watani’ni’n’ yerkin gu’reske shaqi’ri’wshi’ shi’g’armalar bolg’ani’n atap wo’tedi. Bul shi’g’armalardi’n’ yekinshi jer ju’zlik uri’s da’wirinde a’xmiyetli ideyalari’ menen bah’ali’ bolg’ani’n belgileydi. Tuwi’sqan xali’qlar menen a’debiy baylani’slar tarawi’nda da bir qatar maqalalar do’retti. Ma’selen, bul tarawda 1940-ji’li’ Q 165 «Qi’zi’l Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda ko’lemli maqala ja’riyaladi’. «Farxad h’a’m Shiyrin» poemasi’ h’aqqi’nda degen. Bunda wo’zbek xalqi’ni’n’ ulli’ shayi’ri’ Aliysher Nawayi’ni’n’ bul do’retpesine ken’nen analiz beredi. Na’tiyjede ashi’qli’q temasi’ pu’tkil dunya a’debiyati’ni’n’ ma’ngilik temasi’ boli’p kiyati’r. Wol xesh waqi’tta wo’zinin’ qi’zi’qli’g’i’n, tazali’g’i’n, janli’li’g’i’n jog’altqan joq. Ha’r bir shayi’r usi’ temada jazdi’ h’a’m woni’ jan’a ma’niler menen boyawlar menen bergisi keldi. Biraq tek shayi’rdi’n’ shayi’rlari’ g’ana, h’aqi’yqatli’qti’ tu’siniwshiler g’ana ashi’qli’qti’n’ shi’n h’a’m toli’q ma’nisin ko’rkem so’z benen bere aldi’, deydi. Solay yetip da’stan h’aqqi’nda tallawg’a wo’tedi. «Farxad h’a’m Shiyrin» da’stani’ Aliysher Nawayi’ni’n’ belgili «Xamsa»si’na

kirgen bes da’stani’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’. Wol Nawayi’ni’n’ do’retken usi’ ko’lemli da’stanlari’ni’n’ yen’ su’yiklisi. Farxad h’a’m Shiyrin h’aqqi’nda an’i’z a’sirler boyi’ jasap kelmekte. Xali’qti’n’ yen’ suli’w an’i’zi’na aylani’p ketken bul a’ngime tariyxi’y faktler tiykari’nda ju’zege shi’qqan. Wol ko’binese «Xi’sraw h’a’m Shiyrin» ati’ menen taralg’an. «Xi’sraw h’a’m Shiyrin» h’aqqi’nda birinshi ma’rtebe da’stan jazg’an adam X a’sirde jasag’an ulli’ İran shayi’ri’ Abu Qasi’m Firdawsiy boldi’, biraq wol da’standa Farxad h’aqqi’nda yesh na’rs aytpaydi’. Firdawsiydan son’ 200 ji’l keyin XII- a’sirde jasag’an A’zerbayjan shayi’ri’ Ni’zamiy. Wol bul a’ngimeni toli’qti’ri’p parsi’ tilinde da’stan jazadi’. «Xi’sraw h’a’m Shiyrin» da’stani’ Nizamiy xamsasi’ndag’i’ da’stanlardi’n’ biri boli’p qaxarmanlar Xi’sraw menen Shiyrin, Farxad obrazi’ yekinshe da’rejege bir wori’nda turadi’. Nizamiydan keyin bul da’standi’ jetilistirgen A’mir Xi’sraw Dexlewiy boldi’. Mine usi’nday talant iyelerinen son’ bul a’ngimege Nawayi’ jan’a formada qatnas jasap a’jayi’p do’retpe jazadi’. Aliysher wo’zinin’ wo’lmes da’stani’nda yeki dunyani’ jaratqan. Bul jamanli’q h’a’m jaqsi’li’q dunyasi’, zuli’mli’q h’a’m a’dillik dunyasi’, japa h’a’m h’aqi’yqatli’q dunyasi’. Farxad penen Shiyrin obrazi’na ashi’qli’q ruwxi’, watandi’ su’yiwshilik, woni’ qorg’aw ideyasi’, h’aqi’yqatli’q h’a’m a’dillik ideyasi’, wo’mir su’riw h’a’m bati’rli’q ideyasi’, miynet h’a’m do’retiwshilikke muxabbat ideyasi’ menen suwg’ari’lg’an, dep h’a’r ta’repleme talqi’ jasaydi’. Bul a’lbette qaraqalpaq a’debiyati’ ushi’n wo’z da’wirindegi bah’ali’ pikirler. Mine, pikirlerin ilimpaz ja’nede

dawam yete woti’ri’p «Wo’zbek h’alqi’ni’n’ ulli’ shayi’ri’» maqalasi’n da Aliysher Nawayi’ni’n’ tuwi’lg’ani’na 500-ji’l toli’wi’na baylani’sli’ jazadi’. Nawayi’ni’n’ a’debiy talanti’ do’retiwshilik uqi’bi’ menen xali’qti’n’ su’yikli shayi’ri’na aylang’ani’n, woni’n’ jazg’an qosi’qlari’ turmi’sti’ tasti’yqlawshi’, h’aqi’yqatti’ su’yiwshi shi’g’armalar bolg’ani’n ko’rsetedi. Soni’n’ menen shayi’rdi’n’ gu’lla’n wo’mirinde usi’ h’aqi’yqatli’qti’n’ ta’reptari’ bolg’ani’n atap wo’tedi. Ja’ne de shayi’rdi’n’ adamni’n’ wazi’ypasi’ xali’qqa xi’zmet yetiwden ibarat degen ma’nini shi’g’armalari’nda ashi’p ko’rsetkenin, h’a’kimlerge a’dil boli’wdi’, xali’q ushi’n qayg’i’ri’wdi’ wazi’ypa yetip qoyg’ani’n ko’rsetedi. Soni’n’ ushi’n da shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’nda pu’tkil xali’qti’ su’yiwshilik ani’q ko’rinip turadi’. Wol diniy tu’sinikti bo’lip jari’p shi’qti’. Din ayi’rmasi’na, uri’w parqi’na qaramay, barli’q xali’qlarg’a ten’ ko’z benen karadi’. Qi’tay, armyan, iran, grek, arab xali’qlari’ni’n’ aldi’ng’i’ adamlari’ni’a wo’z xalqi’ni’n’ ulli’ adamlari’ retinde qaradi’. Bul obrazlardi’ biz «Farxad h’a’m Shiyrin» , «İskender diywali’», «La’yli h’a’m Ma’jnu’n» shi’g’armalari’nan ani’q ko’re alami’z deydi avtor. Soni’n’ ushi’nda Nawayi’ wo’zbek klassik a’debiyati’ni’n’ baslawshi’si’, h’a’m wo’zbek a’debiy tilinin’ tiykari’n sali’wshi’.. Wol shi’g’i’sti’n’ ulli’ adamlari’ni’n’ biri, shayi’r jazi’wshi’ g’ana yemes, al muzi’kant h’a’m kompozitor woqi’mi’sli’lardi’, shayi’rlardi’ jazi’wshi’lardi’ ta’rbiyalawshi’ retinde de kiredi. Sonli’qtan woni’n’ talanti’n Worta Aziyani’n’ pu’tkil xalqi’ bah’alaydi’. Solardi’n’ ishinde qaraqalpaq xalqi’ da Nawayi’ni’ bildi wo’z shi’g’armalari’nda yeske tu’sirdi.

Atap aytqanda XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari’nan Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq wo’z shi’g’armalari’nda tilge aladi’. Ma’selen Berdaqti’n’ «İzler yedim» qosi’g’i’nda «Nawayi’dan sawat ashti’m» qatarlari’ bar yekenligin mi’sallar menen da’lilleydi. Nawayi’ do’retiwshiligi qi’mbat bah’a g’a’ziyne yesabi’nda a’sirler boyi’ shayi’rdi’n’ wo’zi su’yigen xalqi’ ta’repinen saqlani’p keleberetug’i’ni’n ilimpaz janku’yerlik penen tilge aladi’.

Solay yetip, Nawri’z Japaqovti’n’ a’debiy si’n tarawi’ndag’i’ maqalalari’n tali’qlay woti’ri’p to’mendegishe juwmaqlarg’a keldik.

Birinshiden poeziya tarawi’ndag’i’ a’debiy si’n maqalalari’na Berdaq, S.Ma’jiytov, Xamza Xa’kimzada Niyaziy, A.Muwsaev, A’bdiqa’dir shayi’r, M.Da’ribaev do’retiwshiliklerine arnalg’an ha’m tag’i’ basqalar.

Yekinshiden qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminin’ ma’selelerine arnalg’an maqalalari’na «Woylasi’qqa qoyi’lg’an wortali’q pikir haqqi’nda», «Xalqi’mi’zdi’n’ mydeniy miyrasi’na puxta qarayi’q», «Beruniy ha’m a’debiyat» x.t.b

U’shinshiden jeke portretlerge arnalg’an maqalalari’na T.G.Shevchenko, M.Yu. Lermontov x.t.b. maqalalari’.

To’rtinshiden xali’qlar dosli’g’i’, a’debiy baylani’s ma’selelerine arnalg’an «Xamza ha’m Ayapbergen», «Xali’qti’n’ ma’rtligi ha’m Agaxiydin’ ji’rlari’ maqalalari’ bar. Besinshiden a’debiy si’n maqalalari’ni’n’ ishinde yen’ ko’p wori’n alg’an tu’ri qaraqalpaq awi’zeki do’retpelerine arnalg’an maqalalari’na toqtadi’q.

## II Bap. İlimpazdi'n' ilimiy-izertlew jumi'slari'

Qaraqalpaq a'debiyattani'w ha'm folkloristika iliminin' rawajlani'wi'na ha'r ta'repleme izertleniwine salmaqli' u'les qosqan ilimpazlardi'n' biri N.Japaqov. Woni'n' usi' tarawda ali'p barg'an ilimiy izertlew jumi'slari'ni'n' qunli'li'g'i' teryen' ilimiyligi, faktke bayli'g'i', a'dil ha'm tuwri' ayti'lg'an wo'tkir pikirleri ha'm teoriyali'q biliminin' ku'shliligi menen basqa ilimpazlardan ayi'ri'li'p turadi'.

Ko'rnekli ilimpaz 1930-ji'llardan baslap aq ku'ndelikli ko'rkem a'debiy protsesske qi'sqa kritikali'q ilimiy maqalalari' menen aralasa basladi'. Bul ta'biyg'i'yda yedi, sebebi wol da'wirlerde ilimnin' jan'a rawajlani'p ati'rg'an waqi'tlari'nda ha'm professional, kritik-a'debiyatshi'lardi'n' jetispewine baylani'sli', jazi'wshi'-shayi'rlardi'n' wo'zleri da'slepki a'debiy kritikali'q maqalalardi'n' avtorlari' yedi.[1] Usi' ko'zqarastan aytqanda sol waqi'tlari' N.Japaqovti'n' bir qansha a'debiy si'n maqalalari' jari'qqa shi'qti'. A'sirese ali'mni'n' 9Shan'basti'n' teris pikirlerine qarsi'9 dep atlg'an 1935-ji'li' «Qi'zi'l Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda ja'riyalang'an maqalasi' shayi'r İ.Fazi'lovti'n' «Jyen'is joli'nda» atli' qosi'qlar toplami'na ayri'm kritiklerdin' pikirlerindegi burmalawshi'li'qlardi', naduri's bahalawshi'li'qlardi' duri's ashkara yetedi. Usi'layi'nsha ali'm sol da'wirleri poeziyali'q do'retpelerge a'debiy protsesstin' rawajlani'wi' ushi'n duri's bag'dardag'i' si'n pikirleri menen qatnasti'.

[1] Ахметов С. Қарақалпақ әдебий sыны. Нөкиs , qooe we-бет

Usi’layi’nsha ali’m sol da’wirleri poeziyali’q shi’g’armalardi’n’ hasli’ ma’nisine tu’sinbey kemshilik izlewshi u’stirtin bahalaw, wo’kpe-giyne, bir-birewden min izlew si’yaqli’ kritikag’a jat illetlerden awlaq turi’p a’dil baha beryedi. Kritik si’pati’nda N.Japaqovti’n’ wo’zgesheligi sonnan ibarat, sol da’wirde a’debiyatti’n’ bir qansha rawajlang’an jani’ri’ poeziya ha’m dramaturgiya boyi’nsha qa’lem terbyetip ati’rg’an jas avtorlardi’n’ shi’g’armalari’na do’retiwshilik jol ko’rsetiwshi obektiv a’dil kritikani’n’ za’rurligin jaqsi’ sezdi. Usi’ bag’darda J.Aymurzaev, T.Seytmuratov, A.Begimov, Q.Yermanovlar menen bir qatarda wo’zinin’, «Jas jazi’wshi’larg’a ja’rdem yetiw kerek «atli’ maqalasi’n ja’riyaladi’. Al yelimizde revolyutsiya wornawi’ menen revolyutsiya jyen’isin, kommunistlik partiyani’ ji’rlaw, sol du’zimdi maqtaw ko’rkem a’debiyatta yen’ basli’ temag’a aylandi’. Jazi’wshi’lardi’n’ shi’garmalari’nan «sotsialistik realizm metodi’n» izlestiriw xa’wij aldi’. Soni’n’ ushi’nda da’slepki waqi’tlari’ sol da’wir talabi’na say N.Japaqovti’n’ da kritikali’q retsenziyalari’nda ayri’m kemshilikler ushrasi’p turdi’. Mi’sali’ A.Begimovti’n’ 1935-jazi’lg’an «Gu’res balasi’» poemasi’ni’n’ sotsialistik realizm metodi’ni’n’ izertlewshiligi tuwrali’ N.Japaqov ha’m O.Kojurovlardi’n’ 9İdealizminin’ realni’y qa’wipi yamasa «tu’s keseli» degen maqalasi’ ja’riyalandi’. Bundag’i’ ayri’m pikirlerge qosi’li’wg’a bolg’ani’ menen bazi’ bir kemshiliklerdin’ de wori’n alg’ani’n belgili a’debiyatshi’-professor S.Axmetov duri’s ko’rsyetip wo’tyedi. Wol: «… ko’rkem a’debiyatta biz simvolli’q suwretlewdin’ mu’mkin yyekenligin biykarlawg’a haqi’mi’z joq, maqala avtorlari’ A.Begimovti’n’ simvolik suwretlegeni ushi’n idealizmge wo’tti dep ayi’playdi’. Soni’n’ menen

birge maqalada  sotsialistik realizmnin’ printsiplerin tallamaqshi’ boli’p, wo’zleri de aljasqan»[1] dep jazadi’. Bunday kemshiliklerdin’ boli’wi’ sol da’wirde jan’a rawajlani’p ati’rg’an qaraqalpaq  a’debiy kritikasi’ ushi’n wortaq jag’day yedi. Degen menen N.Japaqov barqulla  xali’q talantli’lari’  ha’m wolardi’n’ do’ryetken shi’g’armalari’n duri’s bahalawdi’n’  ha’m qorg’awdi’n’ ta’reptari’ boldi’. Sonli’qtan S. Ma’jiytov, İ.Fazi’lov, Q.A’wezovlar haqqi’nda aa’ti’li’p kiyati’rg’an unamsi’z kritikalardi’  a’shkaralawg’a xa’reket yetti.

N.Japaqovti’n’  ilimiy izerlew  jumi’slari’ni’n’ wo’zgeshelikleri sonnan  ibarat, birinshilerden boli’p tuwi’sqan hali’qlar a’debiyati’ni’n’ ha’m ma’deniyati’ni’n’  baylani’slari’ boyi’nsha A’.Nawayi’ni’n’ «Farxad ha’m Shiyrin» poemasi’ haqqi’nda, «Xamza ha’m Ayapbergen», «Wo’zbek ha’m qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ wo’z ara baylani’si’  ma’selesine», «Xamza Qaraqalpaqstanda qashan bolg’an», «Taras Grigorevich Shevchenko», «Rus hali’qi’ni’n’ dani’shpan shayi’ri’», «Hali’qti’n’ ma’rtligi ha’m Agaxiydi’n’ ji’rlari’» ha’m tag’i’ basqa maqalalari’n jazdi’.

Usi’layi’nsha N.Japaqov qanday xi’zmette islewine qaramastan, barli’q waqi’tta ilimiy do’retiwshilik jumi’si’ menen shug’i’llani’p keldi. Al 1960-ji’llardi’n baslap tikkeley ilimiy izertlew obektisi yetip alg’an, ali’m 1961-ji’li’ ilim kandidati’ da’rejesin iyelewge miyasar boldi’. N.Japaqov bul minetin «A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligi» «No’kis, 1964»  degen at penen baspadan shi’g’ari’p  A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligine arnalg’an birinshi monografiyani’n’  avtori’ boldi’. Bul

---

[1] Сонда 51-бет

lken izertlew qaraqalpaq a'debiyati'n baslawshi'lardi'n' biri shayi'r A.Muwsaevti'n' do'retiwshiligi boyi'nsha jazi'lg'an, wo'zinin' ilimiy-teoriyali'q a'xmiyetin joytpaytug'i'n qunli' miynet boldi'. Ali'm shayi'r shi'g'armalari'n belgili u'sh yetap tiykari'nda tallap, u'shinshi yetapi'n woni'n' shi'g'armalari'ni'n' ko'rkemlik wo'zgesheligin ashi'wg'a arnaydi'.Ali'mni'n' bul miynetinin' qunli'li'g'i' wo'z waqti'nda tuwi'sqan ha'm jergilikli ali'mlari'mi'z ta'repinen joqari' bahalandi'. Mi'sali', rus ilimpazi', prfessor N.A.Baskakov: «N.Japaqov shayi'rdi'n' do'retiwshilik joli'n yyen' joqari' metodologiyali'q ilimiy bag'darda eruditsiyali'q penen izertleydi»[1], dep jazdi'. Haqi'yqati'nda da ilimpaz shayi'r shi'g'armalari'n yel awzi'nan ha'm arxivlerden yerinbey, ti'nbay qunt penen jiynap, shayi'rdi'n' do'retiwshiligine ha'r ta'repleme izertley woti'ri'p, a'dil baha beryedi, woni' wo'z da'wirinin' ji'rshi'si' si'pati'nda joqari' bahalaydi'. Duri's, ali'mni'n' bl kitabi' shi'qqang'a deyi n, A.Muwsaevti'n' do'retiwshiligi haqqi'nda ko'legen maqalalar jazi'ldi', izerlewler payda boldi'. N.Japaqov bul miynetlerdin ha'mmesin yesapqa ala woti'ri'p, wolarg'a si'n ko'z benen qaraydi', izerlewshilirdin' islegen jumi'slari'na a'dil baha beryedi. Wolardi'n' duri's ta'replerine qosi'lg'an jag'dayi'nda kelispegen wori'nlarda ilimiy ayti'sqa tu'syedi. Mi'sali', 1960-ji'li' basi'li'p shi'qqan «Qaraqalpaq sovet a'debiyati'» atli' worta mekteptin' 10-klasi'na arnalg'an sabaqli'qta shayi'rdi'n' wo'mirin ha'm do'retiwshiligin u'yreniwge arnalg'an ayi'ri'm bo'lim bar yyekenin, bul bo'limnin' wog'ada duri's berilgenin, biraq shayi'rdi'n' revolyutsiadan buri'ng'i' jazi'lg'an

---

[1] Н.Жапақов.Нөкиs ,qoo0, eu-бет.

shi’g’armalari’ haqqi’nda ayti’lg’an minaday pikirlerdin’: «…. Shayi’rdi’n’ da’slepki qosi’qlari’ni’n’ ko’pshiligi derlik, birew maqtaw yamasa jamanlaw si’yaqli’ xa’reketke iye, wolardan belgili bir sotsialli’q bag’i’tti’ ani’q ko’riw qi’yi’n …» degen u’stirtin analiz yetilip berilgen bahalardi’n’ shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’n teryen’ u’yrenbegenlikten izertlemegenlikden kelip shi’qqan pikir[1], degen juwmaqqa kelyedi.

Usi’layi’nsha ali’m wo’zine shekemgi A.Muwsaev do’retiwshiligi boynsha shi’qqan, jazi’lg’an miynetlerdin’ ha’mmesine sholi’w jasaydi’, ilimiy pikirlerin bildiryedi.

Shayi’r A.Muwsaev yeki da’wirdi, yeki du’zimdi ko’rgen shayi’r. Sonli’qtan da wo’zi jazg’an zamanni’n’ haqi’yqi’y m turmi’si’n xali’q ta’repinde turi’p, teryen’ ideyali’ qosi’qlari’n jazdi’. Buni’ jaqsi’ sezgen ilimpaz kitapti’n’ birinshi babi’nda shayi’rdi’n’ revolyutsiyadan buri’ng’i’ shi’g’armalari’n izertlewge arnaydi’. Shayi’rdi’n’ ha’r bir shi’g’armasi’ni’n’ jazi’li’w sebebin, ji’li’n ani’qlap ha’m informatorlardi’n’ mag’li’wmati’n keltirip, qosi’qlari’ni’n’ ideyasi’na, mazmuni’na teryen’ ilimiy tallaw ju’rgizyedi. Shayi’rdi’n’ xali’q ideyasi’n wo’z shi’g’armalari’nda bere bilgenin ayta kelip, ta’riyip «oda» qosi’qlari’ni’n’ sheberi bolgani’n, shi’g’armalari’nda satira ha’m yumordi’ sheberlik penen qollang’ani’n ashi’p beryedi.

Degen menen, shayi’r shi’g’armalari’nda ayri’m qarama-qarsi’li’qlardi’n’ bolg’ani’n buni’n’ sebebin «… sol waqi’ttag’i’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ siyasiy ekonomikali’q jag’dayi’ni’n’, ma’deniy jaqtan artta qali’wshi’li’g’i’nan, shayi’rdi’n’ wo’zinin’ bilim

[1] Жапақов Н. А. Муўsаевтың дөретиўшилиги . Нөкиs , qoyr, qi-qo-бетлер

da'rejesinin' to'menliginen, boli'p woti'rg'an ha'diyselerge tikkeley qatnaspawi' ha'm basqalardan ko'rinedi»[1], degen juwmaqqa kelyedi.

N.Japaqov miynetinin' yekinshi babi'n A.Muwsaevti'n' jan'a da'wirindegi yag'ni'y 1917-ji'ldan song'i' shi'g'armalari'n izertlewge arnaydi'. Sonni' ayti'wi'mi'z kerek, wol da'wirde jan'a revolyutsiyasiyani' qabi'l yetken, xali'q shayi'rlari'ni'n' ha'mmesi de revolyutsiyani', partiyani' ji'rladi', jan'a du'zimnin' arti'qmashi'li'qlari' haqqi'nda shi'g'armalari'n do'ryetti.. Ali'm, shayi'rdi'n' «Bola basladi'», «Birinshi may» h.t.b. qosi'qlari'n yyen' jaqsi' shi'g'armalar qatari'nda tallaw ju'rgizyedi. Bular shayi'rdi'n' da, ilimpazdi'n' da qa'tesi, dep tu'minbewimiz kerek. Bul sol da'wir ushi'n ha'mmege wortaq jag'day yyekenin tu'siniwimiz kerek. N.Japaqov shayi'rdi'n' jan'a da'wirindegi qosi'qlari'n izertlew arqali' woni'n' qosi'qlari'ni'n' mazmuni'n, ideyasi'n, shayi'rli'q dan'qi'n, talanti'n ilimiy jaqtan ashi'p beryedi.

Kitapti'n' u'shinshi babi'n shayi'r shi'g'armalari'ni'n' geypara ko'rkemlik ayi'ri'qshali'qlari'n ashi'p beriwge qaratadi'. A.Muwsaevti'n' qosi'qlari'n do'retiwde ha'r ki'yli' ko'rkem suwretlew qurallari'nan shebelik penen wori'nli' paydalang'ani'n mi'sallar menen da'lilley woti'ri'p, wo'zine ta'n stillik wo'zgesheligin ko'rsyetedi. A.Muwsaevti' qaraqalpaq a'debiyati'n jani'rlar menen bayi'ti'wda wo'z u'lesin qosqan shayi'r[2] si'pati'nda bahalaydi' ha'm shi'g'armalari'n 1) Lirikali'q, 2) Epikali'q, 3)Didiaktikali'q «na'siya beriwshi», 4)Yumor ha'm satira, 5)Ta'riyplew «oda»[3] si'yaqli' bir

---

[1] Сонда, 69-бет

[2] Сонда, 131-бет.

[3] Сонда, 131-бет.

neshe tu’rge bo’lip, ha’r bir tu’ri boyi’nsha qosi’qlari’nan mi’sallar keltirip izertlew ju’rgizyedi. Bul bolsa, ilimpazg’a shayi’rdi’n’ do’retiwshiligi boyi’nsha juwmaqlang’an pikirlerin ayti’wi’na mu’mkinshilik beryedi. Wol: «A.Muwsaev ku’shli lirik shayi’r. Woni’n’ ko’p lirikasi’ siyasiy, azamatli’q lirikag’a jatadi’. Wol a’sirese azamatli’q lirikani’n’ asqan sheberi. Shayi’r wo’zinin’ do’retiwshilik joli’nda Shi’g’i’s a’debiyati’nan ha’m qaraqalpaq klassikali’q shayi’rlari’nan ko’p u’yrengen. Ayapbergen professional shayi’r si’pati’nda wo’zine ta’n wo’zgesheliklerge iye».[1]

N.Japaqovti’n’ A.Muwsaev do’retiwshiligi tuwrali’ bul u’lken izertlewi shayi’r shi’g’armalari’ haqqi’nda ji’ynaqlasti’ri’lg’an, tuji’ri’mli’ pikir ayti’lg’an qunli’ ilimiy miynet boli’p qaldi’.

Bunnan son’ N.Japaqov wo’zinin’ ilimiy izerlew ji’mi’si’ni’n’ bag’dari’n sol da’wir ushi’n ju’da’ qunli’ ha’m a’hmiyetli problemalardi’n’ biri bolg’an a’debiyattag’i’ realizm, sotsialistik realizm problemalari’n izertlewge bag’i’shlaydi’. Sebebi, bul problemalar sol waqi’tqa shekemgi sheshimin tappag’an dawli’ ha’m qi’yi’n ma’selelerden biri yedi. Usi’ maqsette ali’m: «Qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ sotsialistik realizmnin’ sag’alari’ ha’m qa’liplesiwi» degen tema u’stinde doktorli’q dissetatsitsiya isleydi ha’m woni’ tabi’sli’ tu’rde jazi’b shi’g’i’p, 1967-ji’li’ filologiya ilimlerinin’ doktori’ da’rejesin aladi’. Son’i’nan bul ilimiy miyneti yeki kitap boli’p «Sotsialistik realizm joli’nda» (1967) ha’m «Revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq a’debiyati’nda realizm ma’selesi» «1972» basi’li’p shi’qti’.

[1] Сонда, 152-бет.

Ja’ne bul miynetleri ali’mni’n’ u’sh tomli’li’g’i’ni’n’ yeki tomi’nda «I tom, a’9wh, II tom 1979» qaytadan basi’li’p shi’qdi’.

N.Japaqov izertlew jumi’si’n yeki u’lken tarawg’a bo’lip, birinshi bo’limin «Revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq a’debiyati’nda realizm ma’seleleri», dep ataydi’. Sebebi, revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’ndag’i’ realizm ma’selesi qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde jaqi’ng’a deyin arnawli’ izertlenbey kiyati’rg’an basli’ a’hmiyetlerdin’ biri yedi. Bul ma’seleni birinshi boli’p analizlewge kirisken N.Japaqov boldi’. Wol Jiyen ji’raw, Ku’nxoja, A’jiniyaz,Berdaq, Wo’tesh, Womar, Sari’bay, Gu’lmurat, Annaqul ha’m basqa da qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’ndag’i’ realizm jan-jaqli’ teryen’ analizlyedi. Yegerde folklorda N.Japaqov realizm elementinin’ bar yyekenligin da’lillegen bolsa, joqari’da atalg’an shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’nda wol realizmnin’ metod si’pati’nda qa’lipleskenin da’lilleydi.[1]

Usi’layi’nsha ilimpaz shayi’rlar do’retiwshiligindegi realistik da’stu’rdi ani’qlawda, qaysi’ shayi’rda, qanshelli da’rejede qollani’lg’ani’n mi’sallar menen da’lillep ko’rsyetedi ha’m usi’nday shi’nli’qti’n’ suwretleniwin sol shayi’rdi’n’ du’nyag’a ko’z-qarasi’, du’nyani’ tani’w tu’sinigi, wo’sken wortali’g’i’ menen sheber baylani’sti’radi’. Bul miynetinin’ ayri’qshali’g’i’ sonnan ibarat, N.Japaqov bizin’ a’debiyati’mi’zda belgisiz boli’p kelgen ko’p g’ana shayi’rlardi’ Xudaybergen Jebegen uli’, Qazaqbay Xojaniyaz uli’, A’bdika’dir shayi’r t.b. tawi’p, wolardi’n’ shi’g’armalari’n ji’ynap, ayi’ri’mlari’n kitap yetip shi’g’ari’p, izertlep wolardi’n’

[1] Пирназаров А. Қарақалпақ әдебияты бойынша гейпара ойлар . Нөкиs, qooq, qoi-бет.

do’retiwshiligin birinshi ret ilimiy aynali’sqa qosti’. Buni’n’ wo’zi N.Japaqovti’n’ qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminin’ rawajlani’wi’na qosqan u’lesin tag’i’ da ayqi’ni’raq ko’rsyetedi.

Bul miynette, N.Japaqovti’n’ izertlewinin’ bir wo’zgesheligi qaraqalpaq a’debiyati’n ko’birek tariyxi’y jag’i’nan qarasti’radi’. Shayi’rlar shi’g’armalari’ni’n’ tariyxi’y waqi’yalar menen baylani’sli’li’g’i’na, faktler menen ani’q dereklerdi keltiriw arqali’ izertlew jumi’si’n ju’rgizip woti’radi’. Ha’tteki, revolyutsiag’a shekemgi shayi’rlardi’n’ do’retiwshiligin bo’lek-bo’lek aladi’, soytip wolarg’a teoriyali’q ma’selelerdi sin’dirip beriwge ha’reket yetedi. Soni’n’ ushi’n da belgili a’debiyatshi’, professor S.Axmetov: «Bul printsip bo’lek –bo’lek ali’w» avtor ushi’n qolayli’ ko’ringeni menen izertlewge tutasli’q bere almag’anli’g’i’n bayqay qi’yi’n yyemes. Usi’g’an qaramastan woni’n’ ha’r bir shayi’rdi’n’ do’retiwshiligindegi realistlik ko’rinislerdi ashi’wg’a umti’li’wlari’ unamli’», dep jazad. Ali’m izertlewinde shayi’rlar do’retiwshiligine baylani’sli’ ha’r qi’yli’ dereklerdi, ko’p g’ana tariyxi’y a’debiy materiallardi’ sheberlik benen qollang’an. Soni’n’ ushi’n da professor S.Axmetov: «İzertlewshinin’ ko’z-qarasi’, materiallarg’a qatnasi’ ha’m juwmaqlari’ a’debiyat tariyxi’n jasawda ko’p ja’rdem beretug’i’nli’g’i’ so’zssiz», dep jazadi’...

A’sirese ali’mni’n’ Jan’a revolyutsiyadan buri’ng’i’ qaraqlpaq a’debiyati’ndag’i’ shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’ haqqi’ndag’i’ pikirleri bir qansha jan’ali’q si’patlarg’a iye. Wo’ytkeni, shayi’rlardi’n’ wo’zleri jasap turg’an zamanni’n’ waqi’yalari’n realistlik penen

shi’nli’qti’ tiplik obraz arqali’ duri’s suwretlew bag’i’ti’n N.Japaqovqa shekem kyen’ tu’rde izertlew bolg’an joq yedi.

Kitapti’n yekinshi bo’limi «Sotsialistlik realizm joli’nda» dep ataladi’. Buni’n’ a’hmiyeti sonda, Sotsialistlik realizmnin’ qaraqalpaq a’debiyati’nda payda boli’w,rawajlani’w, qa’liplesiw da’wirlerinde kyen’ ko’lemde birinshi arnawli’ izertlegen N.Japaqov boldi’.

İlimpaz sotsialistlik realizm metodi’ni’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda tak kak kyen’es da’wirinde,atap aytqanda 1917-1920-ji’llari’ jazi’lg’an A.Muwsaevti’n’ «Ko’lge qash», «Ko’lge qash Qaljan», A’bdiqa’dir Bekimbet uli’ni’n’ «Yaranllar», «Ko’rdim», Qazaqbay Xojaniyaz uli’ni’n’ «Boldi’», «Sag’al jag’asi’nda», Tilewmag’anbet Amanjol uli’ni’n’ tog’awlari’nda, «Asqar bati’r» da’stani’nda S.Ma’jiytovti’n’ «Yerkinlik tan’i’», S.Nuri’mbetovti’n’ «Dawi’t ko’l», «Tilla’xan» qosi’qlari’nda-aq payda boli’p, woni’n’ payda boli’wna M.Gorkiydin’, V.Mayakovskiydin’, D.Bedni’ydi’n’,H.H. Niyazi’ydi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ta’sir yetkenligin ha’m bul metodti’n’ tosi’nnan payda bolmay woni’n’ tu’pki sag’asi’ revolyutsiyag’a shekemgi qarakalpaq a’debiyati’ndag’i’ realizm metodi’ yyekenligin isenimli mi’sallar menen ko’rsyetken. İlimpaz miynetinin’ juwmaqlawi’nda bi’lay jazadi’ «Qaraqalpaq kyen’es a’debiyati’ni’n’ tuwi’li’wi’ndag’i’ ha’m wonda sotsialistlik realizmnin’ payda boli’p ka’plese baslawi’ndag’i’ xarakterli jag’daydi’n biri-oni’ baslawshi’lar joqari’da ko’rsyetkenimizdey, revolyutsiyadan buri’n-aq ka’liplesken, xali’q ji’ri’n ji’rlag’an, xali’q ta’repinde boli’p, sol ma’pti qorg’ag’an shayi’rlar yedi»[1]. Uli’wma N.Japaqovti’n’ bul miyneti woni’n’

[1] Жапақов Н. Шығармалары. II том. Нөкиs, 1979,498-бет

diapozoni’ kyen’, eruditsiyali’ ali’m yyekenin da’liylleydi. Soni’n’ ushi’nda bul izertlew jumi’si’ni’n’ qunli’li’g’i’ haqqi’nda ko’p ali’mlar menen bir qatarda akademik M.Nurmuhammedov ta: N.Japaqovti’n’ «Qaraqalpaq a’debiyati’nda sotsialistlik realizmni’n’ sag’alari’ ha’m qa’liplesiwi» dissertatsiyasi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda yyen’ aktual ma’selelerdin’ birine arnalg’an. Avtordi’n’ xi’zmeti sonnan ibarat, wol qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde bul ma’seleni birinshi ret qozg’adi’… Avtor jazi’wshi’lardan S.Ma’jiytovti’n’, Q.A’wezovti’n’ ha’m t.b. a’debiyatta ati’n qayta tiklew ushi’n ko’p ku’sh jumsag’an, bular jeke adamg’a si’yi’ni’w da’wirinde tiykarsi’z repressiyag’a ushi’rag’an yedi. Bul jumi’sta usi’ jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligi teryen’ ashi’ladi’. Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ 20-30-ji’llardag’i’ rawajlani’wi’nda folklordi’n’ roli haqqi’ndag’i’ pikirleri de isenimli shi’qqan, dissertant rus-qaraqalpaq a’debiy baylani’slari’ haqqi’nda jan’a faktler keltiryedi, qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ Worta Aziya a’debiyatlari’ni’n’ bir-biri menen baylani’sli’li’g’i’na arnap jazi’lg’an betleri de jan’a materiallar keltiriwi menen qi’zi’qli’»[1], dep jazadi’. N.Japaqov qaraqalpaq a’debiyati’nda sotsialistlik realizm metodi’ni’n’ tu’p sag’alari’ folklorli’q ha’m klassikali’q a’debiyati’mi’zdag’i’ realistlik elementler menen toli’ shi’g’armalardan baslani’p ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda qa’lipleskenin isenimli faktler menen ilimiy ko’z qarastan da’lillep beredi[2] «Bul N.Japaqovti’n’ a’debiyat boyi’nsha teoriyali’q biliminin’ teryen’liginen, jeke woy-pikirinin’ ku’liliginen derek beredi. Biz N.japaqovti’ belgili folklorist –ilimpaz si’pati’nda

---

[1] Жапақов Н. Нөкис, 1990, 39-бет.

[2] Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. Нөкис, 1989, 290-бет.

da tani'ymi'z. Sebebi, woni'n' ilimiy izertlew jumi'slari'ni'n' ko'shilik bo'legi qaraqalpaq folklori'n izerllewge arnalg'an. Wol a'debiy protseske aynali'sqan 1930-ji'llardan baslap-aq folklorli'q shi'g'armalardi' ji'ynawshi' boldi', woni'n' a'hmiyetin duri's tu'sindi. 1939-ji'li' ataqli' Yesemurat ji'rawdan «Qoblang' da'stani'n jazi'p aldi' ha'm baspag'a tayarlawda qatnasti'. Soni' da ayti'p wo'tiwimiz kerek, joqari'da biz so'z yetken u'lken u'lken miynetinin' birinshi bo'liminde folklorg'a ayri'qsha toqtap, «Folklor bay realistlik elementlerge iye» degen wo'z aldi'na bo'lim bergen yedi. Wonda qaraqalpaq folklori'ni'n' an'i'z, yyertek, jumbaq, naqi'l-maqal, ayti's, da'stu'r qosi'qlari', da'stanlardag'i' realistlik ko'rinislerdi konkret mi'sallar arqali' ko'rsyetedi. Ali'm folklordag'i' realizm haqqi'nda: «Biz qaraqalpaq folklori'ndag'i' realistlik bag'darlarg'a usi' ko'rsetpeler tiykari'nda qaraymi'z. Wo'ytkeni miynetkesh xali'qti'n' a'rman-u'mitlerin, ideyasi'n, turmi'si'n ko'rsyetken ha'm woni'n' ma'pi ushi'n xi'zmet yetken a'debiyat realizm menen so'zsiz baylani'sli' a'debiyat boladi'».[1] Avtor 1955-1956-ji'llar Xiywa xani'na qarsi' qaraqalpaq xalqi'ni'n' gu'resine basshi' bolg'an Yernazar alako'zge baylani'sli' an'i'zlar haqqi'nda pikir ju'ritip, wondag'i' realistlik motivlerdi belgilep beryedi. Sonday-aq 1949-56-ji'llari' basi'li'p shi'qqan qaraqalpaq yyerteklerine analiz islese, naqi'l-maqallar haqqi'nda izerlew ju'rgizip, wolarda «Realistlik element an'i'z ha'm yyerteklerden de ani'g'i'raq ha'm ji'ynaqli'raq. Buni'n' sebebi, naqi'l-maqallardi'n' wo'zi xali'q turmi'si'ni'n' ta'jiriybe juumag'i', ko'rgen-bilgen na'rselerdin' ja'mlestirilgen tu'iyni,

[1] Жапақов Н. Шығармалары. I том. Нөкис, 1979, 13-бет.

woy-pikir, danali’q toplami’ retinde bolg’anli’qtan dep tu’siniw mu’mkin»[1] degen pikirin aytadi’. N.Japaqov xali’q jumbaqlari’nda, ayti’slari’nda, da’stu’r qosi’qlari’ni’n’ tu’rlerinde de turmi’s shi’nli’g’i’na baylani’sli’ bolg’anli’qtan realistlik elementler ushi’rasatug’i’ni’n mi’sallar menen ko’rsyetedi. Soni’n’ menen birge ilimpaz «Qi’ri’q qi’z» da’stani’ndag’i’ realistlik motivlerge de toqtap, da’stanni’n’ mazmuni’, syujeti, obrazlari’n, kompozitsiyasi’n, ideyasi’n ha’m ko’rkemlik wo’zgesheliklerin analizlew menen ayri’qsha itibar beryedi. Wol da’stan tuwrali’ izertlewshilerdin’ pikirlerin yesapqa ala woti’ri’p, wondag’i’ realistik tendentsiyani’, tariyxi’y shi’nli’qti’ wo’zinshe ashi’p beriwge ha’reket yetedi. N.Japaqov usi’ u’lken izertlew jumi’si’ni’n’ «Sotsialistlik realizm joli’nda» atli’ yekinshi bo’liminde «Xali’q do’retiwshiligi menen qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ baylani’si’» ma’selesine de wo’z aldi’na bo’lim berip, kyen’ tu’rde izertlew ali’p baradi’. Wol qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’nda ha’m woni’n’ sotsialistlik realizm metodi’na wo’tiwde sheshiwshi faktorlardi’n’ biri-bay folklor da’stu’rin wo’zlestiriw yyekenin jazadi’. Ali’m S.Ma’jiytovti’n’ «Jarli’ g’arri’ diyxan», «Xayallar ku’nine», «Qi’zlarg’a», «Daw bolmasi’n», «Dosli’q jayi’», «Ma’rt jaqsi’», «Yerler da’rkar», «Jigit» A.Muwsaevti’n’ «Na’siyat», «Aman bol», «Bere go’rmen», «Kartayg’anda», «Bet ashar», «Yerejepke», «Bar yeken», A.Dabi’lovti’n’ «Wo’tken zaman», «Joldaslar» h.t.b., S.Nuri’mbetovti’n’ «Yesetsyen’», «Jan’abergen» t.b. qosi’qlardi’ folklor ta’sirinde jazi’lg’an shi’g’armalar qatari’na jatqaradi’, wolardag’i’ folklorli’q ta’sir menen jan’a usi’l qosi’ndasi’n

[1] Сонда 18-бет.

talki’lap ko’rsyetedi. Sonday-aq 20-ji’llardag’i’ qaraqalpaq poeziyasi’nda awi’zeki xali’q do’retiwshiligi da’stu’rlerin sheber paydalang’ani’n S.Ma’jiytov, A.Muwsaev, A.Dabi’lov, S.Nuri’mbetov shi’g’armalari’ mi’sali’nda ayqi’n ko’rsyetip beriw menen birge, bul waqi’tta do’regen shi’g’armalarg’a folklorg’a xarakterli bolg’an i’qshamli’li’q, yadlawg’a qolayli’li’q, namag’a sali’p ayti’wg’a quri’lg’anli’q, aqi’l-na’siyat u’yretiwge bag’darlang’anli’q ko’rinip turatug’i’nli’g’i’n belgilep wo’tyedi[1]. A’ N.Japaqovti’n’ folklor menen a’debiyatti’n’ baylani’si’ haqqi’ndag’i’ pikirleri teryen’ ilimiyligi, folklordi’ paydalani’w jollari’ tuwrali’ aytqan bahali’ woylari’ menen ayri’li’p turadi’.N.Japaqov xali’q awi’zeki a’debiyatti’ miyraslari’ni’n’ bahali’li’g’i’, qa’dirin, wolardi’n’ bu’gingi ha’m keleshek a’wla’d ushi’n biybaha g’a’ziyne yekenligin jaqsi’ tu’sindi, wolardi’ xali’q arasi’nan jiynaw ha’m basi’p shi’g’ari’wg’a belsendilik yetti ha’m wo’zinin’ tikkeley basshi’li’g’i’nda qaraqalpaq folklori’ni’n’ ko’p tomli’g’i’ 20 tomdi’ baspag’a tayarlawg’a qatnasti’. Ha’zir wolar toli’q kitap boli’p shi’qti’. Wol 1977-ji’li’ Tashkentte «FAN» baspasi’nda birinshi ret rus tilinde shi’qqan «Qaraqalpaq folklori’ tariyxi’ni’n’ ocherkleri» kitabi’na folklordi’n’ yyen’ mayda janrlari’ bolg’an «Da’stu’r qosi’qlari’», «Toybaslar», «Ha’wjar», «Si’nsi’w», «Betashar», «Joqlaw», «Ayti’mlar», «Ba’dik», «Gu’la’psan», «Yaramazan» haqqi’nda jazadi’. Bulardi’ izertlewde qaraqalpaq folklori’ boyi’nsha ji’ynalg’an materiallarg’a su’yene woti’ri’p, wol izerlew obektine tariyxi’y jaqtan jantasadi’.Bul u’lken a’xmiyetke iye. Woni’n’ pikirinshe, da’stu’r qosi’qlari’ yerte zamanlarda, patriarxal-

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. Нөкис, 1989, 293-294-бетлер.

feodalli’q da’wirde payda bolg’an. Biraq wolar sol turi’si’nda bizge kelip jetpegen. Tek g’ana wolardi’n’ geyparalari’ revolyutsiyag’a shekemgi da’stu’r qosi’qlari’ni’n’ qurami’na kirgen.

N.Japaqov «Da’stu’r qosi’qlari’» ni’n’ ha’m «Ayti’lari’»ni’n’ mazmuni’n, wo’zgesheligin, poetikali’q quri’li’si’n, ideyali’q ha’m ko’rkemlik wo’zgesheligin qi’sqa, tu’sinikli yetip analiz arqali’ ani’q mi’sallar menen beryedi.

N.Japaqovti’n’ izertlew jumi’slari’ni’n’ bir wo’zgesheligi, wol sol waqi’tlari’ qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ tariyxi’n XVIII a’sirden yemes, al wonnan ko’p aldi’ng’i’ a’sir, da’wirlerden baslaw kerek, degen a’debiyatshi’lardi’n’ pikirlerin qollap-qwuatlap, qaraqalpaq awi’zeki xali’q a’debiyati’ u’lgilerinin’ tekstlerin, wolardi’n’ shi’g’i’si’n, to’rkinlerin yerte da’wirlerdegi jazba yesteliklerdin’ u’lgileri menen sali’sti’ri’p birinshilerden boli’p izertlew jumi’slari’n jazadi’. Bul izertlewleri «A’debiyati’mi’z haqqi’nda woylar» (1974), «N.Japaqov.Yeske tu’siriwler» (1990) atli’ kitaplari’nda berilgen. Usi’ kitaplari’nda basi’lg’an «XI-XV a’sirlerdegi folklor» degen u’lken izertlewi ilimiyligi, jan’ali’g’i’ menen ayri’qsha ayri’li’p turadi’. Bunda N.Japaqovti’n’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ a’yyemgi da’wirlerden baslap do’retilip kiyati’rg’an jazba miyraslarg’a qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da wortaq yekenin ko’rsyetedi. Ali’m, da’slep da’stu’r qosi’qlari’ ha’m ayti’mlar boyi’nsha ilimiy pikirlerin bildiryedi. Soni’n’ ishinde, xali’q arasi’nda a’yyemnen saqlani’p kiyati’rg’an da’stu’r qosi’qlari’ni’n’ biri joqlaw qosi’qlari’ haqqi’nda bildirgen izertlewlerin ali’p koreyik. Ali’m joqlaw qosi’qlari’ni’n’ a’yyemgi da’wirlerdegi Gomerdin’ «İliada» ha’m «Odissey» shi’g’armasi’nda, sonday-aq bizin’

ji’l sanawi’mi’zdan 3000-4000 ji’llar buri’n yeski Mi’si’rda faraonlar «patshalar» wo’lgende ko’pshilik xor boli’p ayti’latug’i’n joqlaw-ji’law qosi’qlari’ni’n’ bolg’ani’n ayta kelip, joqlaw qosi’qlari’ni’n’ VI-VIII a’sirlerde jazi’lg’an tu’rkiy tilles xali’qlardi’n’ wortaq jazba yesteligi «Orxon-Enisey» jazi’wlari’nda da, XI a’sirdin’ yesteligi Maxmud Qashg’ariydi’n’ «Devonu lug’at-it tu’rk» miynetinde bar yekenin mi’sallar menen ko’rsyetedi. Joqlaw qosi’qlari’ni’n’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ u’rp-a’detinde, turmi’s da’stu’rinde tutqan worni’na kyen’ tu’rde ilimiyy tallaw jasaydi’. Son’i’nan «Orxon-Enisey» yesteligindegi ha’m M.Qashg’ariydin’ «Devonu lug’at-it tu’rk» miynetindegi joqlaw qosi’qlari’ menen qaraqalpaq awi’zeki xali’q joqlaw qosi’qlari’ sali’ti’ri’ladi’. Soni’n’ menen birge, joqlaw-ayti’m qosi’qlari’ni’n’ izleri qaraqalpaq da’sanlari’ «Qoblan»,»Alpami’s»,»Qi’ri’q qi’z» da bar yekenin mi’sallar menen ko’rsyetip, «Orxon-Enisey» yesteligindegi joqlawlar menen sali’sti’ri’ladi’. Demek, jazba ha’m awi’zeki miyraslardag’i’ joqlawlardi’n’ u’lgilerinin’ beriliwi, wolardi’n’ tekstlerdegi u’nlesligi, ali’mdi’ sonday juwmaqqa akeledi: «qaza tapqan adamg’a yestelik qaldi’ri’w a’yyemgizamanlardan a’det-u’rp boli’p qalg’ani’n ko’rsetedi»[1], dep jazadi’.

Bul izertlewleri N.Japaqovti’ akademik M.A’wezovti’n’ mi’naday pikirlerin qollap-quwatlawi’na ali’p keledi: «Xali’qti’n’ su’yikli ulani’na,bati’ri’na,solardi’n’ qazasi’na arnalg’an,olardi’n’ wo’miri menen is-ha’reketin,erligin bayan yetetug’i’n da’slepki go’ne geypara «Joqlaw» shi’n ma’nisindegi da’stang’a aynalg’an. So’z joq, qazaq eposi’ni’n’ bati’rli’q ji’rlari’n shi’g’arg’anda shayi’rlar sonday

[1] Жапақов Н. Нөкис, 1990, 305-бет.

«Joqlawlardi'n'» qaysi' birewlerin tiykarg'i' syujetlik bag'dar retinde paydalang'ani' gu'mansi'z»[1]. N.Japaqov-bul pikirlerdin' qaraqalpaq da'stanlari' ushi'nda tiyisli yekenin yeskertedi.[2]

Ali'mni'n' «XI-XV a'sirlerdin' siyasiy ekonomikali'q jag'daylari' ha'm a'debiyat»[3], atli' maqalasi' ilimiy jan'ali'g'i' menen ayi'ri'li'p turadi'. Bul izertlewi Shi'g'i's dani'shpanlari' A'l-Beruniy, Yusuf Has Ha'jib, Maxmud Qashg'ariy, Axmed Yugnakiy shi'g'armalari' ha'm XIII a'sirdegi «Kodekus-Kumanikus» «Qi'pshaqlar so'zligi» miynetlerindegi tekstlerdin' qaraqalpaq xali'q awi'zeki u'lgileri menen uqsasli'g'i'n ha'm baylani'si'n izertlegen yen' da'slepki ku'nli' ilimiy miynet boli'p tabi'ladi'. A'sirese ilimpazdi'n' M.Qashg'ariydin' «Devonu lug'at-it tu'rk» miynetinde qollani'lg'an naqi'l-maqallar menen qaraqalpaq naqi'l-maqallari'ni'n' baylani'si'n, sonday-aq «Kodekus-Kumanikus» «Qi'pshaklar so'zligi» yesteligindegi jumbaqlar menen qaraqalpaq jumbaqlarni'n' baylani'si' boyi'nsha jazg'an izertlewleri di'qqatqa turarli'q yekenin ayti'wi'mi'z kerek. Bunda XI-XV a'sirlerde turmi'sti'n' ha'r qi'yli' tarawlari' boyi'nsha do'retilgen naqi'l-maqallardi'n' ha'm jumbaqlardi'n' yesteliklerde qollani'li'p, bizin' bu'gingi turmi's tirishiligimizde, sonday-aq xali'qti'n' ku'ndelikli so'ylew tilinde sol turi'si'nda qollani'li'p kiyati'rg'ani'n ilimiy sali'sti'ri'w arqali' ko'rsyetip beryedi. Bul bolsa qaraqalpaq xalqi'ni'n' Worta Aziyadag'i' a'yyemgi xali'qlardi'n' biri retinde tu'rkiy tilles xali'qlarg'a wortali'q bolg'an a'debiyat

[1] Сонда, 306-бет.
[2] Сонда, 306-бет.
[3] Сонда, 331-411-бетлер.

yesteliklerin,soni’n’ ishinde naqi’l-maqallardi’ da, jumbaqlardi’ da birge jasasqani’n da’lilleydi.

N.Japaqov talantli’ folklorist si’pati’nda sol waqi’tlari’, yele baspadan shi’qpag’an da’stanlar haqqi’nda jazi’p, «Ja’riyalanbag’an» da’stanlar haqqi’nda»[1]. atli’ maqalasi’n jariyalaydi’. Wonda qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ «Jazkelen», «Shiyrin-Sheker», «Ja’hansha» haqqi’nda, wolardi’n’ ji’ynali’wi’, jazi’p ali’ni’wi’, qi’sqasha mazmuni’, syujetlik waqi’yasi’, ideyasi’, ko’rkemligi tuwrali’ ilimiy pikirlerin bildiryedi. Sonday-aq «Qoblan» da’stani’ni’n’ variantlari’»[2] maqalasi’n jazi’p, wonda da’stanni’n’ Ja’nibek, Karam, Arzi’mbet, Asqar, Da’wletmurat ji’rawlardi’n’ ha’r birinin’ variantlari’ni’n’ jazi’p ali’ni’wi’,qi’sqasha mazmuni’, syujetlik waqi’yasi’n so’z yetedi. Bul ali’mni’n’ ja’miyetshilikti wo’tkendegi ruxi’y miyraslari’ menen tani’sti’ri’wda, wolardi’n’ di’qqati’n awi’zeki a’debiyat u’lgilerin qa’sterlewge ha’m ji’ynawg’a shaqi’ri’wda ko’p kewil bo’lgenin an’latadi’.

Bulardan ti’skari’ N.Japaqov «A’debiyati’mi’z haqqi’nda woylar» kitabi’nda 59-ji’l ishinde qaraqalpaq folklori’n «Nawri’z Japaqov izertlewdin’ juwmaqlari’ ha’m wazi’palari’ haqqi’nda folkloristlerdin’ miynetleri jo’ninde «Danqli’ 50-ji’l ha’m qaraqalpaq folkloristikasi’ degen maqala jazsa, usi’ kitabi’nda «İzlesyen’ tabasan’» atli’ maqalasi’nda institutti’n’ folklor bo’liminin’ basli’g’i’ boli’p islep turg’an waqti’nda 1971-ji’li’ respublikani’n’ rayonlari’nda folklor ji’ynaw ushi’n yeki ret ekspyeditsiya sho’lkemlestirildi. Sondag’i’

[1] Жапақов Н. Жәрияланбаған дәстанлар ҳаққында. «Әмиўдәрья», 1974.
[2] Жапақов Н.

ji’ynalg’an materialllar haqqi’nda folklor u’lgilerin tez ji’ynaw ha’m izertlewdin’ za’ru’rligi haqqi’nda sonday-aq wolardi’ basi’p shi’g’ari’w tuwrali’ pikir ju’rityedi.

Uli’wma N.Japaqov qaraqalpaq folklori’n ji’ynaw basi’p shi’g’ari’w ha’m izertlew boyi’nsha ali’p barg’an ilimiy jumi’slari’ menen belgili folklorist boli’p yesaplanadi’.

N.Japaqovti’n’ ilimiy do’retiwshilik xi’zmetlerine na’zer taslag’anda woni’n’ qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ barli’q tarawlari’ boyi’nsha izertlew jumi’slari’n ali’p barg’ani’n ko’remiz. Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ tariyxi’nda wo’lmes shi’g’armalar do’ryetken ataqli’ talant iyeleri do’retiwshiligi boyi’nsha bay izertlewler jazadi’. Mi’sali’, woni’n’ Kegeyli rayoni’ni’n’ Kuybi’shev ati’ndag’i’ sovxozdi’n’ Kirov bo’liminde turi’wshi’ pensioner Turdi’ma’mbet Arzi’mbetovtan alg’an Berdaqti’n’ «Shejire» si boyi’nsha jazg’an «Berdaqti’n «Shejiresinin’» jan’a nusqasi’»[1] degen maqalasi’ N.Japaqovti’n’ klassik shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’n ji’ynawdi’n’ pidayi’si’ yekenin ko’rsetse, yekinshiden ken’ ja’miyetshilikke Berdaq shi’g’armalari’ni’n’ toli’q nusqasi’n jetkeriwdin’ jan ku’yeri yekenin tani’tadi’.

Sonday-aq N.Japaqov belgili hali’q shayi’ri’ A.Dabi’lovti’n’ qa’lemine tiysli «Bahadi’r» da’sani’ni’n’ syujeti haqqi’nda», Q.A’wezovti’n’ do’retiwshiligine arnalg’an «Wo’shpes juldi’z», S.Ma’jiytovqa arnalg’an «Seyfulg’abit Ma’jiytov» N.Da’wqaraevqa arnalg’an jazi’wshi’-ilimpaz maqalaari’n jazdi’ ha’m bular wo’z da’wirinde yele so’z yetilmey ati’rg’an ti’n’ ma’seleler yedi, bularg’a ilimpaz u’lken bati’rli’q penen di’qqat bo’ldi a’debiyattani’w iliminde

[1] Жапақов Н. Әдебиятымыз ҳаққында ойлар. Нөкис, 1974, 177-бет.

u’yreniwdi baslap beri. Na’tiyjede ilimpaz wo’zinin’ izertlewshilik jumi’si’nda xaqi’yqi’y miynetkeshlik belgilerin ko’rsyetti. Shayi’r A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiligine arnalg’an birinshi monografiyani’n’ avtori’ boldi’. Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’n yeki etap tiykari’nda tallap shi’g’armalari’ni’n’ ko’rkemlik wo’zgesheligin ashti’. Bul miynet bu’gingi ku’nimizde de wo’z quni’n joytpag’an a’hmiyetli izertlewlerdin’ biri. Bul miynet tiykari’nda 61-ji’li’ ilim kandidati’, 1967-ji’li’ ilim doktori’ boli’p wol tiykarda «revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq a’debiyati’nda realizm ma’selesi» degen monografiya ja’riyaladi’. Joqari’da tallap wo’tkenimizdey bul miynette qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’y jag’i’nan qarasti’ri’ladi’. Solay yetip ko’rip wo’tkenimizdey ilimpaz si’pati’nda N.Japaqovti’n’ ilimiy izertlew jumi’slari’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ XX-a’sir qaraqalpaq a’debiyati’, qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ menen baylani’sli’ bolg’ani’n ko’rip shi’kti’q,da’lillewge ha’reket yettik.

## Juwmaq.

Qaraqalpaq a’debiyati’, ilimi, ma’deniyati’ ha’m ko’rkem wo’nerinin’ ha’r ta’repleme rawajlani’wi’nda salmaqli’ worni’ bar a’jayi’p insan Nawri’z Japaqov boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ ja’miytelik jumi’slari’n, baspaso’z tarawi’ndag’i’ xi’zmetlerin, awdarmashi’li’q do’retiwshiligin, qaraqalpaq kinostsenariyin rawajlandi’ri’wdag’i’ do’retiwshilik xi’zmetlerin t.b. aytpag’anni’n’ wo’zinde shayi’r si’pati’ndag’i’ lirikali’q ha’m a’debiy-ilimiy-izertlew jumi’slari’ menen-aq qaraqalpaq a’debiyati’nda ati’ belgili ulli’ insan si’pati’nda qalatug’i’ni’n ayti’wi’mi’z kerek.

Bul pitkeriw jazi’w bari’si’nda biz N.Japaqovti’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda belgili wo’z worni’ bar qaraqalpaq a’debiyati’n, folklori’n izertlewge ku’sh-jigerin jumsag’an sanawli’ adamlardi’n’ biri yekenine ko’zimiz jyetti.

Wol wo’zinin’ do’retiwshilik jumi’si’nda shayi’r ilimpaz si’pati’nda tyen’nen tani’ldi’. Soni’n’ ushi’n da wol da’slepki qosi’q jaza baslag’an 1930-ji’llardan baslap-aq baspaso’zde ilimiy kritikali’q-retsenziyali’q maqalali’ri’n jaza basladi’. Wol a’debiyatqa aralasi’w arqali’, qaraqalpaq a’debiyati’ maydani’n toli’qti’ri’p D.Nazbergenov, J.Xabiybullaev t.b. menen birge poeziyag’a wo’z hawazi’, wo’z joli’ menen kirip keldi. Ja’miyetshilikke lirik shayi’r si’pati’nda tani’li’p, muhabbat, Watan ha’m xali’qlar dosli’g’i’ haqqi’ndag’i’ lirikali’q shi’g’armalari’ menen ko’lemli poemalari’ woqi’wshi’lar ja’miyteshiliginin’ su’yip woqi’ytug’i’n shi’g’armalari’ni’n’ birinen yesaplanadi’. N.Japaqov talantli’

a’debiyatshi’ retinde sapali’ ko’rkem shi’g’armalardi’n’ jetilisiwi ushi’n wo’zi qatarli’ qa’lemleslerinin’ do’retiwshiliklerindegi jetiskenlikler menen kemshiliklerdi ko’rsyetip, pikir ali’si’wg’a qatnasi’p, ko’rkem shi’g’armalardi’n’ ideyali’q ha’m ko’rkemlik jaqtan jetilisip bari’wi’nda unamli’ ta’sir jasadi’.

Xalqi’ni’n’ bay miyrasi’n, awi’zeki ha’m jazba miyraslari’ni’n’ qa’dir-qi’mbati’n wo’z waqti’nda teryen’ tu’singen N.Japaqov awi’zeki u’lgilerdi ji’ynawg’a belsendilik yetti, xali’q shayi’rlari’ni’n’ qosi’qlari’n, da’stanlardi’ ha’m yerteklerdi basi’p shi’g’ari’wg’a basshi’li’q yetti. Xali’qti’ wo’tkendegi atababalar miyrasi’n ko’zdin’ qarashi’g’i’nday saqlaw, wolardi’ ji’ynawg’a ha’m u’yreniwge shaqi’rdi’.

N.Japaqovti’n’ ilimiy izertlew jumi’slari’ni’n’ bir wo’zgesheligi, wol xali’q shayi’rlari’ do’retiwshiligin izertlewge ko’p di’qqat bo’ldi. N.Japaqov wo’zine shekem yele do’retiwshiligi jeterli u’yrenilmey ati’rg’an, ha’tteki, qosi’qlardi’ da xali’q arasi’nda toli’q ji’ynap ali’nbay ati’rg’an shayi’rlardi’n’ do’retiwshiligin birinshi boli’p izertlegen ilimpaz boldi’. N.Japaqov qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ tiykari’n sali’wshi’ A.Muwsaevti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligine arnap u’lken monografiya jazsa, Q.A’wezov, S.Ma’jiytov, A’bdiqa’dir Bekimbet uli’ t.b. do’retiwshilikleri boyi’nsha ko’lemli ilimiy maqalalari’n ja’riyaladi’.

Sol waqi’tlari’ yen’ a’xmiyetli ma’selelerdin’ biri, izertleniwi tiys bolg’an ma’sele qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ realizm ma’selesi yedi. Bul bag’darda woni’n’ doktorli’q dissertatsiyasi’ temasi’nda jazg’an izertlewi qaraqalpaq a’debiyattani’w ilimine qosi’lg’an jan’ali’q boldi’.

İzertlew jumi'si'nda wol folklordag'i' realistlik elementlerdi, klassik shayi'rlardi'n', xali'q shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'ndag'i' realizm belgilerin basqi'shpa-basqi'sh ashi'p beryedi. Realizm metodi'ni'n' sag'alari' folklordan ha'm klassikali'q a'debiyattan baslani'p, qaraqalpaq a'debiyati'nda qa'lipleskenin isenimli mi'sallar menen da'lillep beryedi. Ali'mni'n' usi' miynetinde qaraqalpaq folklori'n izertlewleri, sonday-aq qaraqalpaq folklori' menen yertedegi jazba a'debiy yesteliklerdin' baylani'si' tuwrali' jazg'an maqalalari', woni'n' talantli' folklorist ilimpaz bolg'ani'n an'latadi'.

Uli'wma N.Japaqovti'n' ha'r qi'yli' tematikada jazg'an si'n maqalalari', a'debiyattani'w ha'm folkloristika tarawi'ndag'i' izertlewlerin u'yreniw arqali', woni'n' diapozoni' kyen', eruditsiyali'q-ali'm bolg'ani'n sezemiz.

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar**


1. Karimov İ.A. Bizden azat ha'm abat Watan qalsi'n. II bap. Tashkent, O'zbekstan baspasi'. 1996.

2. Karimov İ.A. Ruwxi'y tikleniw joli'nda. Tashkent, «O'zbekstan» baspasi'. 1998.

3. Karimov İ.A. Joqari' ma'na'wiyat-jen'ilmes ku'sh. Tashkent, «Ma'na'wiyat», 2001.

4. Axmetov S. Qaraqalpaq poeziyasi' tariyxi'ni'n' ocherkleri. No'kis, 1961.

5. Japaqov N. A.Muwsaev do'retiwshiligi. No'kis, 1964.

6. Qabdolov Z. So'z o'neri. Alma-Ata, 1971.

7. Japaqov N. Revolyutsiyag'a shekemgi qaraqalpaq a'debiyati'nda realizm ma'selesi. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 1972.

8. Axmetov S. A'debiyat ha'm kritika. No'kis, 1978.

9. Japaqov N. Shi'g'armalari'. I tom. No'kis, 1978.

10. Japaqov N. Shi'g'armalari'. I tom. No'kis, 1979.

11. Axmetov S. Qaraqalpaq poeziyasi'. No'kis, 1988.

12. Maqsetov Q. Qaraqalpaq folkloristikasi'. No'kis, 1989.

13. Ma'mbetniyazov T. Qaraqalpaq lirikasi'. No'kis, 1989.

14. Axmetov S. Belgili ali'm ha'm u'lken shayi'r (N.Japaqov-75). «A'miwda'rya» jurnali'. 1989. N8.

15. Esemuratov G., Ma'msbetniyazov T. Watan ushi'n gu'resken qosi'qlar. No'kis, 1990.

16. Nawri'z Japaqov (Eske tu'siriwler). No'kis, 1990.

17. Pirnazarov A. Qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha geypara oylar. No'kis, 1991.

18. Ma'mbetniyazov T. Qaraqalpaq balalar poeziyasi' ha'm oni'n' mashqalalari'. No'kis, 1992.

19. Orazi'mbetov Q. Ha'zirgi da'wirdegi qaraqalpaq lirikasi'nda ko'rkemlik, izleniwshen'lik. No'kis, «Bilim», 1992.

20. Axmetov S. Qaraqalpaq a'debiy si'ni'. No'kis, 1993.

21. Ma'mbetniyazov T. Poeziya- turmi's, gu'res ha'm talpi'ni'w. No'kis, 1993.

22. Nurjanov P. Da'wir talabi' ha'm ko'rkem a'debiyat. «Bilim», 1993.

23. Babaev T. Adabiyotshunsolik asoslari. Toshkent, 2002.

**Gazetalar**

1. Nurmuhammedov M. N.Japaqov poeziyasi'. «Qi'zi'l Qaraqalpaqstan». 1955, N2006.

2. Muratov P. Ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik isker. «Erkin Qaraqalpaqstan». 14-yanvar, 1995, N7-8.